Индрис и пшынэм сыкъызэрыдэфар

2-нэ нап.

Урысейр, Тыркур, адыгэхэр

3-нэ нап.

Дунейпсо телъыджагъэ

4-нэ нап.

Килограмми 150-рэ и хьэлъагът Аруан къуажэм щащIа хьэлыуэм

4-нэ нап.

ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

1924 ГЪЭ ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

№115 (24.865) ● 2025 гъэм фокIадэм (сентябрым) и 23, гъубж ● Тхьэмахуэм щэ къыдокI ● И уасэр зы тумэнщ

КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ, Парламентым я пресс-IуэхущIапIэхэм къызэратамкIэ

Нэгъабэрейм йофIэкI

КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек лэжьыгъэ IуэхукIэ хуэзащ республикэм мэкъумэш IуэхухэмкIэ и министр Сыжажэ Хьэсэн. Ахэр тепсэлъыхьащ гъавэ Iухыжыгъуэмрэ бжьыхьэсэмрэ зэрекIуэкIым.

НАРТЫХУ Iухыжыгъуэм и гуащIэгъуэщ. ИджыпстукIэ тонни 100-м нэс кърахьэлIэжакIэщ. Сэхуранри Iуахыж, дагъэ къызыщIахупхъэхэр иджыпстукIэ тонни 3,3-м нос. ХадэхэкIыу тонни 178-рэ IуахыжакIэщ. Лэжьыгъэр щызэпыуркъым пхъэщхьэмыщхьэхэр къыщыпачыж хадэхэм. КърахьэлIа гъавэм и лIэужьыгъуэ псори нэгъабэрейм ейм нэхърэ нэхъыбэщ.

Абы къыдэкIуэу йокIуэкI бжьыхьэсэри. Япэу а лэжьыгъэм пэрыхьар Тэрч районым и мэкъумэшыщIэхэрщ. Дызэрыт илъэсым бжьыхьэсэм гектар мин 60 ирагъэубыдыну я мурадщ. Республикэр жылэкIэ хьарзынэу къызэгъэпэщащ, абыхэм я нэхъыбэр щIыналъэм къыщыхахащ. Минеральнэ щIыгъэпшэрхэмрэ къэкIыгъэхэр узым къезыгъэлыну хущхъуэхэмрэ кърашэлIэну къапэщылъщ.

Губгъуэ лэжьыгъэхэр зэрырагъэкIуэкI машинэхэмкIи, нэгъуэщI мэкъумэш IэмэпсымэхэмкIи республикэр къызэрызэгъэпэщам лэжьыгъэ псори и чэзум зэрызэфIэкIынум ущегъэгугъ.

ЩIалэгъуалэм я зыужьыныгъэ

Сабий творчествэмкIэ «ДыгъафIэ къалэ» академиер Кавказ Ищхъэрэм щынэхъ ин дыдэ еджапIэщ, сабий зэчиифIэхэм я лицей, щIэныгъэ гуэдзэн щагъуэт «Антарес» центрыр хэту.

МЫБДЕЖ ныбжьыщIэхэр щоджэ, щопсэу, сыт и лъэныкъуэкIи я къэухьым зыщрагъэужь. Аращ иджыблагъэ КъБР-м и Парламентым и Жылагъуэ советым и зэIущIэр абы щригъэкIуэкIыну къыщIыхихар: еджапIэм и ехъулIэныгъэхэми едэIуэн, апхуэдэуи республикэм къыдэкIуэтей щIэблэм и зыужьыныгъэм щIэгъэкъуэн зэрыщыхуэхъумрэ лъэпощхьэпохэмрэ абдеж щызрагъэщIэн мурадкIэ. Iуэхум хэтащ КъБР-м и Парламентым и Жылагъуэ советым и унафэщI Бечелов Ильяс, КъБР-м и Парламентым и УнафэщIым и къуэдзэ Жанатаев Сэлим, ЕгъэджэныгъэмкIэ, щIэныгъэмкIэ, физическэ щэнхабзэмкIэ, спортымрэ щIалэгъуалэм я IуэхухэмкIэ и комитетым и унафэщI Емуз Нинэ, КъБР-м Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министрым и къалэнхэр зыгъэзащIэ Мокаев Ачемез, депутатхэр, советым хэтхэр.

Псом япэ хьэщIэхэм зыщрагъэплъыхьащ къатитхуу зэтет еджапIэ иным. Хабзэ дахэ зэрыхъуауэ, къахуеблагъэхэр я Iуэхум щызыгъэгъуэзар «ДыгъафIэ къалэм» щеджэхэмрэ абыхэм я егъэджакIуэхэмрэщ. Гупым ирагъэлъэгъуащ абдеж лъэпкъ къэфэкIэхэм зэрыщыхуагъасэр, дирижёр Темыркъан Юрэ сурэтыщI цIэрыIуэ Шемякин Михаилрэ я цIэхэр зезыхьэ макъамэ, гъуазджэ классхэр зэраIэр. Емуз Нинэ абдеж къыщыхигъэщащ фIыгъуэшхуэу къызэрилъытэр а классхэр къыщызэIуахым зи цIэ фIаща езы цIыхушхуэхэр а Iуэхум зэрыхэтар, уеблэмэ Шемякиным и Iэр зыщIидза зы сурэти классым и блыным зэрыфIэлъыр. ЕтIуанэ къатым хьэщIэхэм зыщыщагъэгъуэзащ «Кванториум» технопаркым и лэжьыгъэм, ныбжьыщIэхэм робототехникэр къызэрагъэIурыщIэм. ХьэщIэхэм къащIащ мы зэманым сабийхэм Къэухь IэрыщIымкIэ урысейпсо олимпиадэм зэрызыхуагъэхьэзырыр. Суд щащIэ IуэхущIапIэм и теплъэр иIэу гъэхьэзыра классым сабийхэм хабзэхэмрэ хуитыныгъэхэмрэ зэрыщрагъэджым щедэIуащ. Ещанэ къатым щеплъащ Сабий зэчиифIэхэм я лицейм дерсхэр зэрыщекIуэкIым.

КъБР-м и Парламентым и Жылагъуэ советым и унафэщI Бечелов Ильяс жиIащ еджапIэр зыхуэбгъэдэн зэрыщымыIэр, икIи илъэс куэд хъуауэ республикэ псом сабий зэчиифIэхэр къыхэшынымрэ зегъэужьынымрэ ехьэлIауэ абы лэжьыгъэшхуэ зэрыригъэкIуэкIыр.

- Къэралым мы зэманым гулъытэшхуэ хуещI къыдэкIуэтей щIэблэм и гъэсэныгъэм. «ЩIалэгъуалэмрэ сабийхэмрэ» лъэпкъ Iуэхум и къалэн нэхъыщхьэр дэтхэнэ сабийми зэрызригъэужьынырщ. Абы ипкъ иткIэ, 2030 гъэм ирихьэлIэу, сабий зэчиифIэхэм зэрадэIэпыкъу лэжьыгъэр проценти 100-кIэ ягъэзащIэу щытын хуейщ. Зэрытлъагъущи, «ДыгъафIэ къалэ» академием сабийхэр щрагъаджэ къудейкъым, абыхэм я къэухьми щыхагъахъуэ, зрагъэужь, къалэн куэд зэфIагъэкI. Мыпхуэдэ IуэхущIапIэ къызэзыгъэпэщахэмрэ ар нобэ езыгъэфIакIуэхэмрэ фIыщIэ яхудощI. ЕджапIэр дызэрыгушхуэн ехъулIэныгъэу къызолъытэ , - жиIащ къэпсэлъам.

КъБР-м ЕгъэджэныгъэмрэщIэныгъэмкIэ и министрым и къалэнхэр зыгъэзащIэ Мокаев Ачемез къыщыпсалъэм жиIащ Къэбэрдей-Балъкъэрым зэрыщыубзыхуар зэчий зыбгъэдэлъ ныбжьыщIэхэм зэрызаужьыным дэIэпыкъуэгъу зэрахуэхъу Iэмалхэр, икIи абы и лъэныкъуэкIэ гугъуехьышхуэ зэрыщымыIэр. Лъэпощхьэпоуэ зыIууэ хабзэр егъэджакIуэхэм я Iэзагъэм хегъэгъэхъуэным, Iуэхум хухах мылъкур сэбэп нэхъ пылъу къызэрагъэсэбэпыным нэхъ епхащ. «Къапщтэмэ, а лъэпощхьэпохэр егъэджэныгъэ IэнатIэ псоми хуэгъэзауэ жыпIэ хъунущ. Дызэрыт зэманым щIалэгъуалэм Iэмал псори яIэщ лъэныкъуэ куэдкIэ зэрызаужьыным теухуауэ. «Антарес» еджапIэм 2024 гъэм корпуситI щыдухуащ сабии 104-рэ щыпсэу хъуну. Абы Iэмал яритащ илъэс псокIэ сабийхэм ядэлэжьэну. Нэгъабэ а Iуэхум къызэщIрагъэубыдэфащ сабий 700-м щIигъу», - жиIащ къэпсэлъам.

Мокаевым дыщIигъуащ: «ЕдгъэкIуэкI лэжьыгъэм и фIагъыр къэзыгъэлъагъуэм и гугъу пщIымэ, ар псом хуэмыдэу нэрылъагъу къэщI Школакlуэхэм я урысейпсо олимпиадэм. Зэрыхабзэу, щIыналъэ Iыхьэр республикэм дерс 22-кIэ щокIуэкI. Къыхэгъэщыпхъэщ абыхэм хэтхэм я бжыгъэри гъэ къэс зэрыхэхъуэр - еджакIуэ мин 15 нэхъ мащIэ зэи хъуркъым. Дызэрыт илъэсыр къапщтэмэ, муниципальнэ Iыхьэм хэтам и бжыгъэр мин 16-м щхьэдэхащ. ЩIыналъэ Iыхьэм дерс къэс цIыху 1007-м я зэфIэкI щеплъыжащ. ТекIуэныгъэр цIыху 49-м къахьащ. Олимпиадэм и кIэух Iыхьэм Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщу ныбжьыщIэ 27-рэ хэтащ (дерс 18-кIэ). Абыхэм яхуэзэфIэкIащ увыпIэ 12 къахьыну. Иужьрей илъэситIым кIэух Iыхьэм нэса ди сабийхэм я бжыгъэр процент 70-кIэ зэрыхэхъуами куэд къыбжеIэ».

Мокаевым къызэрыхигъэщамкIэ, мыгъэрей олимпиадэм и федеральнэ Iыхьэм текIуэныгъэ къыщызыхьахэмрэ къыщыхэжаныкIахэмрэ я бжыгъэмкIэ Къэбэрдей-Балъкъэрыр щыпашэщ Ипщэ, Кавказ Ищхъэрэ щIыналъэхэм.

ДэIэпыкъуныгъэ щыIэхэм къыщытеувыIэм, Мокаевым жиIащ 2021 гъэ лъандэрэ КъБР-м и Iэтащхьэм и ахъшэ саугъэтыр ШколакIуэхэм я урысейпсо олимпиадэм текIуэныгъэ къыщызыхьхэмрэ ахэр зыгъэхьэзыр егъэджакIуэхэмрэ зэрыратыр. Ахъшэм гъэ къэс хагъахъуэ. 2025 гъэм ахъшэ саугъэтыр хуагъэфэщащ ШколакIуэхэм я урысейпсо олимпиадэм и щIыналъэ Iыхьэм щытекIуа цIыху 49-мрэ увыпIэфI къэзыхьа цIыхуи 127-м. КъищынэмыщIауэ, анэдэлъхубзэм и пщIэр къэIэтыжыным, лъэпкъыбзэхэр езыгъэджхэр гъэгушхуэным хуэгъэзауэ адыгэбзэмрэ балъкъэрыбзэмкIэ щIыналъэ олимпиадэм щытекIуэр зыгъэхьэзыра егъэджакIуэхэм хуагъэфащэ ахъшэ саугъэтыр хагъэхъуащ сом мини 100-м нэскIэ (еджакIуэм сом мин 50 къехь, егъэджакIуэм - сом мини 100).

Мыхьэнэшхуэ зиIэхэм ящыщу къэпсэлъам къигъэлъэгъуащ щIэныгъэ гуэдзэн щрат еджапIэхэм я лэжьыгъэри. Апхуэдэ IуэхущIапIэу республикэм 24-рэ иIэщ. Мокаев Ачемез тепсэлъыхьащ «Егъэджэныгъэ» лъэпкъ Iуэхум хыхьэ «Дэтхэнэ сабийми и ехъулIэныгъэ» федеральнэ лэжьыгъэр зэрагъэзащIэми. IэщIагъэлIхэр зэрахуримыкъум и хэкIыпIэу министерствэм къегъэлъагъуэ егъэджакIуэ IэщIагъэр къыхэзыхыу еджапIэ щIэтIысхьэхэм зэрызыщIагъакъуэ Iэмал гуэр яубзыхуну зэрамурадыр, абы щытыкIэм зригъэхъуэжыну зэрыщыгугъыр.

«ДыгъафIэ къалэ» еджапIэр зэрызэфIэувам, ирагъэкIуэкI лэжьыгъэм, ныбжьыщIэхэм я ехъулIэныгъэхэм теухуауэ зэIущIэм къыщыпсэлъащ IуэхущIапIэм и унафэщIым и къалэнхэр зыгъэзащIэ Джаппуевэ Тамарэ. Абы жиIащ я ехъулIэныгъэхэм щыхьэт техъуэу къызэрилъытэр ШколакIуэхэм я олимпиадэхэмкIэ Урысей советым и унафэщI Садовничий Виктор и Iэр щIэлъу фIыщIэ тхылъ «ДыгъафIэ къалэм» къызэрыхуигъэфэщар. Джаппуевэм къыхигъэщащ зэфIэкI зиIэ ныбжьыщIэхэр республикэм и къуажэ нэхъ пхыдза дыдэхэми къыхашыну Iэмал зэраIэм зэрыригушхуэр, ауэ ахэр къащтэн ипэ, дэтхэнэми и щIэныгъэр ткIийуэ къызэрапщытэр. ЕджапIэм и IэщIагъэлIхэм я Iэзагъыр зэпымыууэ зэрыхрагъэхъуэнуми иужь итщ, апхуэдэ IуэхукIэ ахэр ягъакIуэ Адыгейм щыIэ Кавказ математикэ центрым. Апхуэдэуи «ДыгъафIэ къалэр» ядолажьэ Москва физико-техникэ институтым, Пироговым и цIэр зезыхьэ Урысей къэхутакIуэ медицинэ университетым, Сеченовым и цIэр зезыхьэ Япэ Москва къэрал медицинэ университетым, Москва Авиацэ университетым, КъБКъУ-м, РАН-м и КъБНЦ-м, н.

Къыхэгъэщыпхъэщ «ДыгъафIэ къалэм» мы гъэм 17-нэ увыпIэр зэрыщиIыгъыр Урысейм и школ нэхъыфIи 100-у къалъытахэм. Ар къэзыуххэр Москва, Санкт-Петербург, Волгоград, Краснодар къалэхэм, нэгъуэщI куэдми я еджапIэ нэхъыщхьэхэм щIотIысхьэ, дызэрыт илъэсым цIыхуитI Чехием кIуащ щIэныгъэ щызрагъэгъуэтыну.

ЕджапIэм дяпэкIи ехъулIэныгъэфIхэр иIэну къызэхуэсахэр ехъуэхъуащ, зэхуэсым щыжаIахэр къэлъытауи зэлэжьыпхъэхэр ягъэбелджылащ.

БАГЪЭТЫР Луизэ.

2025 гъэм и япэ илъэс ныкъуэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и республикэ бюджетыр гъэзэщIа зэрыхъуам теухуауэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и отчетым и IуэхукIэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

2025 гъэм и япэ илъэс ныкъуэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и республикэ бюджетыр гъэзэщIа зэрыхъуам теухуауэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и отчетым хэплъауэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым къыхегъэщхьэхукI сом мелуан 62192,8-рэ хъууэ планкIэ хэхъуэхэмкIэ илъэс бжыгъэхэр сом мелуан 31438,2-кIэ е планкIэ илъэс бжыгъэхэм ятещIыхьауэ процент 50,5-кIэ гъэзэщIа зэрыхъуар. Абы щыщу федеральнэ бюджетым къикIа финанс дэIэпыкъуныгъэр хэмыту планкIэ сом мелуан 21502,3-рэ хъун хуейр сом мелуан 10522,6-кIэ е процент 49,1-кIэ гъэзэщIа хъуащ. Ямытыжыну къыIэрыхьэ хэхъуэхэр сом мелуан 20885,6-рэ хъууэ процент 51,3-кIэ ягъэзэщIащ. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и республикэ бюджетым и хэщIхэр сом мелуан 31386,2-рэ хъууэ процент 46,3-кIэ ягъэзэщIащ. Отчет лъэхъэнэм хэхъуэхэр хэщIхэм нэхърэ сом мелуан 52-кIэ нэхъыбащ.

Ахэр я лъабжьэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым унафэ ещI:

2025 гъэм и япэ илъэс ныкъуэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и республикэ бюджетыр гъэзэщIа зэрыхъуам теухуауэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и отчетыр къэщтэн.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и УнафэщI ЕГОРОВЭ Татьянэ

Налшык къалэ
2025 гъэм фокIадэм и 11-м
№192-П-П

Осетие Ищхъэрэ-Алание Республикэм и Парламентымрэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентымрэ я парламент зэхуаку зэдэлэжьэныгъэм теухуа зэгурыIуэныгъэ зэрызэращIылIэнум и IуэхукIэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещI**:

1. Осетие Ищхъэрэ-Алание Республикэм и Парламентымрэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентымрэ я парламент зэхуаку зэдэлэжьэныгъэм теухуа зэгурыIуэныгъэ зэрызэращIылIэнум арэзы техъуэн икIи абы Iэ тридзэну Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и УнафэщIым пщэрылъ щыщIын.

2. Мы Унафэр щыгъуэзэн папщIэ Осетие Ищхъэрэ-Алание Республикэм и Парламентым, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм яхуегъэхьын.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и УнафэщI ЕГОРОВЭ Татьянэ

Налшык къалэ
2025 гъэм фокIадэм и 11-м
№193-П-П

2025 гъэм и гъатхэ сессием и лъэхъэнэм иригъэкIуэкIа лэжьыгъэм теухуауэ Урысей Федерацэм и сенатор - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым къыбгъэдэкI лIыкIуэ Ульбашев М.М. къигъэлъэгъуахэм я IуэхукIэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещI**:

2025 гъэм и гъатхэ сессием и лъэхъэнэм иригъэкIуэкIа лэжьыгъэм теухуауэ Урысей Федерацэм и сенатор - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым къыбгъэдэкI лIыкIуэ Ульбашев М.М. къигъэлъэгъуахэр къэщтэн.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и УнафэщI ЕГОРОВЭ Татьянэ

Налшык къалэ
2025 гъэм фокIадэм и 11-м
№194-П-П

Гу зылъытапхъэ

Террорым пэщIэтыным хуэгъэзауэ 2025 гъэм къызэрагъэпэщыну яубзыхуа зыгъэсэныгъэхэм я планым, НАК-м и УнафэщIым Iэ зыщIидзам, ипкъ иткIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэ Оперативнэ штабым 2025 гъэм фокIадэм и 25-м Налшык къалэм щригъэкIуэкIынущ террорым пэщIэтынымкIэ зыгъэсэныгъэхэр.

КъБР-м щыIэ Оперативнэ штабым щIыналъэм щыпсэухэмрэ абы и хьэщIэхэмрэ захуегъазэ пIалъэкIэ ягъэувыну мардэхэм зрагъэувэнкIэ хъуну щытыкIэр зэхащIыкIыну икIи къагурыIуэну.

КъБР-м щыIэ Оперативнэ штаб.

● ДАХ

ЗэпыщIэныгъэхэр нэхъри ягъэбыдэ

Ди газетым зэрытетащи, Налшык щекIуэкIащ Дунейпсо Адыгэ Хасэм и Хасащхьэм и зи чэзу зэIущIэр. Абы хэтащ КъБР-м и Правительствэм и УнафэщIым и къуэдзэ Къуэшрокъуэ Залым, ДАХ-м и Нэхъыжьхэм я советым и тхьэмадэ, КъБР-м, КъШР-м, АР-м я цIыхубэ тхакIуэ, УФ-м ЛэжьыгъэмкIэ и ЛIыхъужь МэшбащIэ Исхьэкъ, абы и къуэдзэ Шыхъуэстэн Амдулхьэмид, Тыркум, Иорданием, Израилым, Европэм хыхьэ къэралхэм, КъШР-м, Адыгейм, Ставрополь, Краснодар крайхэм къикIа лIыкIуэхэр.

ЗЭIУЩIЭР къызэIуихащ икIи иригъэкIуэкIащ ДАХ-м и тхьэмадэ Сэхъурокъуэ Хьэутий. Япэу псалъэ зрата Къуэшрокъуэ Залым КъБР-м и Iэтащхьэм къыбгъэдэкIыу фIэхъус псалъэкIэ захуигъэзащ Хасащхьэм хэтхэм. «Дэ иджыблагъэ ди республикэм и къэралыгъуэм и махуэр дгъэлъэпIащ, иджы Адыгэхэм я махуэр доIэт. Хуабжьу ди гуапэщ ди ехъулIэныгъэхэр къыддэфIэту, ди гуфIэгъуэхэр къыддэвгуэшу хэкум фыкъызэрыкIуэжыр. Нобэ зи ужь фитыну Iуэхугъуэхэм ятеухуауэ лъэпкъым сэбэп хуэхъун унафэ къэфхьыну купщIафIэу фылэжьэну си гуапэщ, - жиIащ Къуэшрокъуэм.

Сэхъурокъуэм къызэхуэсахэр щигъэгъуэзащ Дунейпсо Адыгэ Хасэр жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм, лъэпкъ-щэнхабзэ центрхэм зэрадэлажьэм, блэкIа зэхуэс лъандэрэ ГъэзэщIакIуэ гупым хэтхэм зэфIагъэкIа Iуэхухэм, нэгъуэщIхэми.

ДАХ-р ди республикэм къыщаIэт сыт хуэдэ Iуэхугъуэми жыджэру хэтщ, лъэпкъым, къэралым къыхуэщхьэпэн зы къалэни къимыгъанэу зэфIегъэкI. Тхьэмадэм зэрыжиIамкIэ, 2025 гъэр Хэкум и хъумакIуэм и илъэсу зэрагъэувам, ТекIуэныгъэ Иныр илъэс 80 зэрырикъум ехьэлIауэ къызэрагъэпэщ Iуэхугъуэ псоми я зэфIэкI халъхьэ. Абы къыкIэрымыхуу цIыхубэми унафэщIхэми я нэIэ щIэтщ дзэ Iуэху хэхамрэ абы щыIэ ди щIалэхэмрэ. Абы щытепсэлъыхьым, Хьэутий жиIащ а Iуэхум ДАХ-м и къудамэу дэнэ республикэм щылажьэри иужь зэритыр. ИкIи Урысейм Украинэм щригъэкIуэкI дзэ Iуэхум и щхьэусыгъуэмрэ абы ди къэралым, цIыхубэм я дежкIэ и мыхьэнэмрэ хамэ къэралхэм щыпсэу ди лъэпкъэгъухэр щагъэгъуэзэну Хасэ тхьэмадэхэр къыхуриджащ Сэхъурокъуэ Хьэутий.

Видео теплъэгъуэхэр и гъусэу абы къызэхуэсахэм я пащхьэ кърихьащ цIыху цIэрыIуэхэм я пшыхьхэм, жылагъуэ гъащIэм, политикэ Iуэхухэм теухуахэм, нэгъуэщI зэхыхьэ гъэщIэгъуэнхэм Хасащхьэр зэрыхэтыр, тхьэмадэр зэрырагъэблагъэр, зыхуэфащэхэм гулъытэ зэрахуищIыр, Хасэм лэжьыгъэ купщIафIэ, Iуэхугъуэ зэмылIэужьыгъуэхэмкIэ гъэнщIа зэрыригъэкIуэкIыр. Апхуэдэуи Сэхъурокъуэр зи унафэщI «Урысейм ис лъэпкъхэм я зэгухьэныгъэ» дунейпсо IуэхущIапIэм и къудамэу КъБР-м щыIэмрэ ДАХ-мрэ ди лъэпкъэгъухэм я Iуэху дэкIыным зэгъусэу зэрытелажьэм и гугъу ищIащ унафэщIым.

ДАХ-м хэт жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм псэкупсэ лъапIэныгъэхэр, лъэпкъым къыдекIуэкI хабзэхэр, унагъуэм илъ хъугъуэфIыгъуэхэр хъумэнымрэ зегъэужьынымкIэ ялэжьым теухуауэ къэпсэлъащ щIыналъэ зэпэщхьэхуэхэм щыIэ Хасэ къудамэхэм я унафэщIхэр.

Шапсыгъ Хасэм и тхьэмадэ КIэкIыхъу Мэжид тепсэлъыхьащ Краснодар крайм ис шапсыгъхэм я Iуэху зэрыдэкIым, Хасэм жылагъуэм зэрызыщIигъакъуэм, нэгъуэщIхэми. А хъыбархэр тету, шапсыгъхэм я щыIэкIэ-псэукIэр, тхыдэм, бзэм, хабзэм теухуахэр иту Шапсыгъ Хасэм къыдегъэкI «Шапсугия» газетыр. Ар хы ФIыцIэ Iуфэм Iус адыгэу 3600-м яIэрохьэ. Мэжид зи гугъу ищIахэм ящыщщ 2025 гъэм щэкIуэгъуэм и 13 - 16 махуэхэм Iуэху дахэ Сочэ зэрыщрагъэкIуэкIынур. Сочэ и къэрал къулыкъущIапIэхэр, Шапсыгъ Хасэр, Къандур Мухьэдин и щхьэгъусэ Любэ сымэ зэгъусэу фэеплъ пшыхь къызэрагъэпэщынущ, абы ирагъэблэгъэну я мурадщ Дунейпсо Адыгэ Хасэм и лIыкIуэхэри.

- КъБР-м и цIыхубэ тхакIуэ, кинорежиссёр, сценарист, продюсер, композитор, уэрэдус, псапащIэ цIэрыIуэу щыта Къандур Мухьэдин и фэеплъ пшыхьыр Сочэ и къэрал къулыкъущIэхэр хэту едгъэкIуэкIынущ. Абы Iуэхугъуэ куэд къызэщIеубыдэ. Псалъэм къыдэкIуэу жыпIэмэ, «Тхылъ къызэIуха» дунейпсо литературэ зэпеуэ йокIуэкI, тхакIуэ, усакIуэ Бэлагъы Любэ къызэригъэпэщауэ. Абы щытекIуахэри пшыхьым щагъэлъэпIэнущ Мухьэдин дунейм зэрехыжрэ илъэситI щрикъум ирырагъэхьэлIэу абы къигъэна щIэиным и лъапIагъыр гъэлъэгъуэным теухуа зэхыхьэр. КъищынэмыщIауэ, пшыхьым и мыхьэнэр нэхъри къеIэт УФ-м и Президентым и грант къиихьауэ, абыкIэ къызэрызэрагъэпэщым, - жиIащ Мэжид.

(КIэухыр 3-нэ нап.).

ЦIыху щыпкъэ

● ДифI догъэлъапIэ

«ЛIыхъужь зы напIэзыпIэм ухъуфынущ, ауэ цIыху нэс къыпхэкIын папщIэ гъащIэ псо ухуейщ» псалъэ Iущхэр жызыIа франджы тхакIуэ, журналист Брюла Поль арэзы удэмыхъуну гугъущ. А псалъэхэр епхьэлIэ хъунущ къэрал, жылагъуэ лэжьакIуэ цIэрыIуэ, КъБР-м и Жылагъуэ палатэм и унафэщI, ди ныбжьэгъу икIи ди лэжьэгъу Берд Хьэзрэталий Александр и къуэм. Ар ди республикэм пщIэ щызиIэ цIыху щыпкъэщ.

БЕРД Хьэзрэталий ящыщщ къэрал, жылагъуэ къулыкъущIэ зэчиифIэхэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэр совет лъэхъэнэ нэужьым зэфIэувэным, абы зиужьыным хэлъхьэныгъэшхуэ хуэзыщIахэм.

Хэку зауэшхуэм хахуэу хэта, абы папщIэ дамыгъэ лъапIэ куэд зыхуагъэфэща и адэр куэдкIэ щапхъэ хуэхъуащ Бердхэм я унагъуэм къихъуа щIалэм. Берд Александр Вольнэ Аул жылэм и депутатхэм я советым и унафэщIу илъэс куэдкIэ щытащ, республикэм пщIэ щызиIэ цIыхухэм халъытэу къэгъуэгурыкIуащ.

Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетыр ехъулIэныгъэкIэ къиуха нэужь, Берд Хьэзрэталий 1972 гъэм лэжьэн щыщIидзащ полупроводник Iэмэпсымэхэр къыщыщIагъэкIыу Налшык дэта заводым, япэщIыкIэ мастеру щытащ, иужькIэ инженер IэнатIэм пэрытащ, и къалэнхэр хьэлэлу зэригъэзащIэмкIэ, цIыху зэщIэкъуауэ зэрыщытымкIэ адрейхэм къахэщу.

1975 гъэм къыщыщIэдзауэ Бердыр «Мэкъумэштехникэ» IэнатIэм щылэжьащ - АСУ щIыналъэзэхуаку зэгухьэныгъэм и гупым и унафэщIу, Бахъсэн щIыналъэм и «Мэкъумэштехникэ» IуэхущIапIэм и Iэтащхьэу. 1984 гъэм ар Бахъсэн щIыналъэм и мэкъумэшпромышленнэ зэгухьэныгъэм и унафэщIу ягъэуващ, лэжьакIуэбэм я депутатхэм я район советым и исполкомым и унафэщIым и япэ къуэдзэу хахауи щытащ. 1987 гъэм Хьэзрэталий и пашэ хъуащ ЩоджэнцIыкIум и цIэр зезыхьэ колхозым икIи абы и унафэр ищIащ илъэсипщIкIэ. ЩIым телэжьыхьхэм пщIэшхуэ зэрахуищIыр, Iуэхухэм зэрыхуэIэкIуэлъакIуэр абы сэбэп къыхуэхъуащ зэхъуэкIыныгъэхэр къэралым щыщекIуэкIа а зэман мытыншхэм колхозыр республикэм и IуэхущIапIэ нэхъ пажэхэм яхигъэхьэнымкIэ. А къулыкъум зэрыпэрытрэ илъэситI фIэкIа дэкIатэкъым, колхозым гъавэ бэв къехъулIэу щыхуежьам.

Бахъсэн муниципальнэ щIыналъэм и Iэтащхьэ хъуа нэужь, Бердым куэд зэфIигъэкIащ районым и экономикэмрэ социальнэ IэнатIэмрэ зегъэужьыным хуэунэтIауэ. Абы папщIэ нобэми бахъсэндэсхэм абы фIыщIэ гуапэ хуащI.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и къэрал властым и ухуэкIэм зыщихъуэжа лъэхъэнэм Хьэзрэталий КъБР-м и япэ Президент КIуэкIуэ Валерэ и гупым хэту жыджэру яужь итащ республикэм и зэкъуэтыныгъэр хъумэным, мамыр псэукIэр къызэгъэпэщыным, лъэпкъ зэмылIэужьыгъуэхэм щыщхэр, дин зэхуэмыдэхэм итхэр зэгурыIуэу зэдэпсэуным. А бэнэныгъэм Берд Хьэзрэталий и хьэл-щэныр зыхуэдэр наIуэ къыщыхъуащ - ар политик Iущу, лэжыгъэм и пIалъэ зыщIэ IэщIагъэлIу, жылагъуэ Iуэхузехьэу зэрыщытыр къигъэлъэгъуащ.

ИужькIэ Бердыр Правительствэм и УнафэщIым и къуэдзэу, республикэм мэкъумэш хозяйствэмрэ ерыскъыпхъэхэмкIэ и министру щытащ икIи хузэфIэкI къигъэнакъым щIыналъэм а и IэнатIэр хъума хъун папщIэ. Езы Бердым зэрыжиIэжауэ щытамкIэ, ар арэзы техъуэртэкъым мэкъумэш IэнатIэм къыщыхалъхьэ зэхъуэкIыныгъэхэм. Ар лэжьэн хуей хъуащ «къэралым и мыхьэнэр къыщылъэхъша лъэхъэнэм. Мэкъумэш IэнатIэми промышленностми къыщыхъурати, лэжыгъэм трагъэкIуадэр продукцэм къыщIэкIым нэхърэ нэхьыбэ хъурт, къэрал бюджетым мэкъумэш IэнатIэм щыхухахыр игъэмащIэрт. МэкъумэшыщIэхэр гугъу иригъэхырт къалэжьыр щэным теухуауэ къэрал унафэщIхэм къалэн зыщащIыжахэр зэрамыгъэзащIэм».

Iуэхум фIыуэ хэзыщIыкI Хьэзрэталий зыхищIэрт а IэнатIэм къыщыхуагъэлъагъуэ зэхъуэкIыныгъэхэм республикэр зэрыхуэмыхьэзырыр, ауэ къыгурыIуэрт, къэралым а и IэнатIэм зэрыщыщым къыхэкIыу, щыIэ щытыкIэри къимылъытэу зэрымыхъунур. Арати, щIым ехьэлIа Iуэхухэр зэпIэзэрыту, егупсысауэ, IэщIагъэлIхэм я Iуэху еплъыкIэхэри, къащтэ унафэхэм къэрикIуэнкIэ хъунухэри зэпилъыту, захуагъэм тету икIи цIыхухэм я сэбэп нэхъ къызыхэкIынухэри и лъабжьэу зэрызэфIигъэкIыным егугъуащ. Абы хузэфIэкIащ къуажэдэс мэкъумэшыщIэхэм яку илъа лэжьэкIэм къытенэжын, мэкъумэшхэкIыу кърахьэлIэм кIэримыгъэхун, бэзэр зэхущытыкIэхэм я удыныр къуажэдэсхэм я дежкIэ нэхъ шэчыгъуафIэ ищIын. А илъэс гугъухэм и къару емыблэжу зэрылэжьам папщIэ Бердым къыхуагъэфэщащ «Урысей Федерацэм мэкъумэш хозяйствэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ» цIэ лъапIэр.

1999 - 2007 гъэхэм Хьэзрэталий республикэм и къалащхьэм и администрацэм и унафэщIу щытащ. А IэнатIэм щыпэрытми абы куэд дыдэ зэфIигъэкIащ налшыкдэсхэм я псэукIэр зэIузэпэщ щIыным хуэгъэзауэ. И бюджетыр мыинми, а зэманым гугъуехьхэр мымащIэу щытами, къалэм дэт егъэджэныгъэ, узыншагъэр хъумэн, социальнэ IуэхущIапIэхэм я лэжьыгъэр зэблэмыууэ екIуэкIыныр къызэригъэпэщыфащ. А зэманым гъуэгухэр, псэупIэ унэхэр куэду ящIащ, Кавказ Ищхъэрэм щынэхъ ин дыдэ мэжджытышхуэр, чыристанхэм я тхьэелъэIупIэр ухуэн щIадзащ. Ахэр нобэми цIыхухэм къахуэщхьэпэу мэлажьэ, республикэм и ухуэныгъэ нэхъ дахэхэми хабжэ.

Бердыр Къэбэрдей-Балъкъэр АССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и депутату хахащ, республикэм и Парламентым и зэхуэсы-гъуэ куэдым я депутатуи щытащ. ЩIыпIэ самоуправленэмрэ социально-экономикэ зыужьыныгъэмрэ я IуэхухэмкIэ комитетым и унафэщIу (2009 - 2014 гъэхэм), КъБР-м и Парламентым и УнафэщIым и къуэдзэу щытащ. Иджырей Къэбэрдей-Балъкъэрым парламентаризмэм, демократие хабзэхэм зыщегъэужьыным хэлъхьэныгъэшхуэ хуищIащ, абы папщIи Урысей Федерацэм и Къэрал Думэм «Парламентаризмэм зегъэужьыным щиIэ фIыщIэхэм папщIэ» и дамыгъэ лъапIэр, УФ-м и Федеральнэ Зэхуэсым ФедерацэмкIэ и Советымрэ, Къэрал Думэмрэ я щIыхь тхылъхэр къыхуагъэфэщащ.

Илъэс куэдкIэ хьэлэлу зэрылэжьам папщIэ Бердым кърататщ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и пащхьэм щиIэ фIыщIэхэм папщIэ» орденыр, КъБР-м и ЩIыхь тхылъыр.

Берд Хьэзрэталий и лэжьыгъэфIхэм я гугъу щыпщIкIэ, къыхыумыгъэщу хъунукъым футболым зегъэужьыным хуэунэтIауэ абы зэфIигъэкIахэри. Ар илъэс куэдкIэ щытащ республикэм ФутболымкIэ и федерацэм и тхьэмадэу икIи зэпымыууэ и нэIэ тетащ «Спартак» командэм. Абы хуэфащэ дыдэу къыфIащащ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм физкультурэмрэ спортымкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ» цIэр.

Мы зэманым Берд Хьэзрэталий и унафэщIщ КъБР-м и Жылагъуэ палатэм. Ар зэманым декIу цIыхущ, абы и Iэзагъыр, зэпIэзэрытагъыр, зыхэтхэм я Iуэху еплъыкIэхэм пщIэ зэрыхуищIыр Жылагъуэ палатэм хэтхэми республикэм щыпсэухэми къалъытэ. Абы куэд зэфIегъэкI политикэ, жылагъуэ Iуэхухэм теухуауэ зи еплъыкIэхэр зэмыщхь цIыхухэр зэгурыгъэIуэным, апхуэдэуи цIыхубэм я къарур хузэщIегъэуIуэ республикэр ефIэкIуэным, экономикэмрэ социальнэ IэнатIэмрэ, псэукIэр егъэфIэкIуэным, мамырыгъэмрэ зэпIэзэрытагъымрэ хъумэным хуэунэтIауэ КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек.къыхилъхьэ жэрдэмхэр пхыгъэкIыным.

Берд Хьэзрэталий и гъащIэ гъуэгуанэр щапхъэ дахэщ лэжьыгъэр фIыуэ лъагъунымкIэ, IэщIагъэм нэсу хащIыкIыу, жэуаплыныгъэ яхэлъу Iуэхум бгъэдыхьэнымкIэ.

Бердым унагъуэ дахи иIэщ - и щхьэгъусэ Людмилэ щIыгъуу абыхэм ягъэсащ щIалитI, ахэри дахэу гъащIэм хэтщ.

Адыгэхэм я махуэм адыгэ лъэпкъым и къуэ щыпкъэ Берд Хьэзрэталий дохъуэхъу узыншэу, гуфIэгъуэ, дэрэжэгъуэ щымыщIэу, республикэмрэ лъэпкъ куэду зэхэт абы и цIыхубэмрэ яхуэщхьэпэу иджыри илъэс куэдкIэ псэуну.

ЗУМАКУЛОВ Борис, *ЦIыхум и хуитыныгъэхэмкIэ уполномоченнэу КъБР-м щыIэ, профессор,*
НЭХУЩ Заурбий, *КъБР-м и Жылагъуэ палатэм хэт, 1992 - 2003 гъэхэм КъБР-м и Парламентым и УнафэщIу лэжьа,*
ДАДЭ Суфэдин, *КъБР-м и Парламентым и I - III зэхуэсыгъуэхэм я депутату щыта.*

ІэщIагъэр уи псэм щыхэлъым и деж

ШэджыхьэщIэ Аслъэнбий и ныбжьыр илъэс 75-рэ ирикъуащ

КъБР-м и цIыхубэ артист, Музыкэ театрым и солист ШэджыхьэщIэ Аслъэнбий къызыдэкIа жылэм и гугъу щищIкIэ, къуажищым я цIэ къриIуэмэ нэхъ къэщтэ езым. Абей къуажэм (Урожайнэ) къыщалъхуащ, абы къытехъукIыжа Абей къуажэ цIыкIум, и анэмкIэ и адэшхуэанэшхуэм я деж, къыщыхъуащ. ПэщIэдзэ школыр Абей къуажэ цIыкIум къыщиухри, Акъбащ Ипщэ (Астемырей) къуажэм и школым, километритIкIэ япэжыжьэми, сабий зыщыплI хъууэ кIуэн щIадзащ.

«СИ анэр и нэхъыжьу пхъуиплI зиIэ си адэшхуэ ШэджыхьэщIэ ТIэмашэ, мо лIы бэлыхьым щIалэ цIыкIур игъэфIэнтэкъэ?! Абы и лъэныкъуэкIэ фом сыхэсауэ жыпIэ хъунущ. ИтIанэми, пасэ дыдэу си гур быдэ хъуащ, сызэризакъуэр щIэхыщэу къызгурыIуэри. Ныбжьэгъуи сиIэт, фIыуэ сыкъэзылъагъухэри гъунэжт, ауэ псори зэбгрыкIыжу уи закъуэу укъэна иужь, лIот пщIэнур?! Уэрамым сыкъыдэкIырти, си адэшхуэм тетIысхьэпIэу ищIа жыг лъэдакъэжьым сытест сыкъыдахуэжыху. Сызыхудэплъейуэ сыщыса вагъуэхэр здэщыIэмкIэ зыгуэр къемыхамэ сщIэркъым. Армырамэ, пэщIэдзэ школ фIэкIа зимыIэ къуажэ цIыкIум сытыт къыдэпхынур?», - жеIэ Аслъэнбий, къыхиха лъагъуэм и пэублэ хъуам и гугъу щищIкIэ.

Къуажэку дыдэм и деж пкъом фIэлът бзэхум (алюмин) къыхэщIыкIауэ радиошхуэ. Пщэдджыжьым сыхьэтихым щIидзэрти, жэщым сыхьэт 11 хъуху лажьэрт ар, пхуешэхынутэкъым икIи пхуэгъэункIыфIынутэкъым. Абдеж дыдэрат Аслъэнбий щыпсэури, хуей-хуэмейми едаIуэрт. Абы къитми, нэгъуэщIыпIэ щызэхихми, накъырэм и макъыр ещанэ, еплIанэ классхэм щIэсу и макъым кърихьэкIыу хуежьащ. Ар цIыхум и талантыр къэзыгъэлъагъуэ Iуэхугъуэт, армыхъуэ школым и тхьэмыщкIагъэм къыхэкIыу, зы макъамэ Iэмэпсыми иIэххэтэкъым. ЯфIэгъэщIэгъуэнт щIалэ цIыкIум и макъыр Iэзащэу зэригъэIурыщIэр, ар хьэлэмэт къазэрыщыхъум нэхъри тригъэгушхуэурэ езыми щIигъэхуабжьэрт. «Ар щIалэ цIыкIум япэ дыдэу къыхуэкIуэ, дискант жыхуаIэж макъырщ. Мис ар егъэлеяуэ бэлыхьу сиIауэ къыщIэкIынут сэ, ауэ хэтыт ар зищIысыр зыщIэри, ар адэкIэ зыгъэкIуэтэнури», - жеIэ Аслъэнбий.

КIуж Борис мыгъуэм симфоние оркестрыр и гъусэу жиIэ «Тырныаузский вальсыр» аращ щIалэ цIыкIум япэ дыдэу и гум дыхьар. «Дауэ къыпщыхъурэт, къуажэ щIалэжь цIыкIум оркестрыр игу ирихьыну?! Уэрэд гугъу дыдэт ар, и щIэдзапIэри, ежьури дэпшеину тынштэкъым, ауэ апхуэдизкIэ сигу ирихьати, къикIуэт щыIэтэкъым. ЗэзгъэщIэну сыхуейт, ауэ радиом зэзэмызэт къыщитыр. Арати, радиом сыкъыIунэжауэ, къэтыгъуэ къэс зы едзыгъуэ стхыуэрэ зэгуэр иризгъэкъуащ. Ар жысIэу щIэздзащ. Школым дыкъыщикIыжкIэ сызигъусэхэм закъыкIэрызгъэхурти, къуажитIым я зэхуакум ар щыжысIэурэ сыкъэкIуэжырт. Си гугъащ зыми сызэхимыхыу, арщхьэкIэ къуажэ псор къызэдаIуэу къыщIэкIащ. Клубым и унафэщIым фIы дыдэу сыкъилъагъурти, IункIыбзэр къысхуигъанэу щIедзэ сыщыхуейм деж сыщIыхьэурэ уэрэд щыжысIэну. Абдеж дыдэрат си унэри, сыкIуэрт, бжэр къэзгъэбыдэжырт, пэш нэщIым сыщIэувэрти, уэху алыхь, си макъым зезгъэлъэщIырт».

Ебланэ классым щIэсу «Терчанка» ансамблым хагъэхьауэ щытащ Аслъэнбий. Яшэ-къашэжу ныбжьыщIэр абы хэтащ илъэс зыбжанэкIэ. 8-нэ классыр къимыухыпэ щIыкIэ, ансамблым хэту Налшык и Театр щхъуантIэм яшат Аслъэнбий, тхьэлъэIушхуэ гуэр ящIу. Району щыIэм я лIыкIуэхэр къекIуэлIат абы. Утыкум къохьэри, а уэ пщIэ вальсыр егъэзащIэ, «Ларисэ» зи фIэщыгъэ нэгъуэщI зы уэрэди жеIэ. Ипэ сатырым щыст ди республикэм и Iэтащхьэ Мэлбахъуэ Тимборэ, «Тэрч районым щыщ щIалэ цIыкIу къохьэ» щыжаIэм абы гу лъимытэу къэнакъым, дауи. Мис абы щыгъуэу къыщIэкIынущ ШэджыхьэщIэм и гъащIэ гъуэгуанэр убзыхуа щыхъуар. Концертыр зэфIэкIа иужь, профессиональнэ IэщIагъэ зригъэгъуэтын зэрыхуеймкIэ унафэ ящI. Экзаменхэм къызэрыкIэрыхуами емылъытауэ, Хьэсанэ Мусэ зи унафэщI ЩэнхабзэмрэгъуазджэмкIэ колледжым щIагъэтIысхьэ. Абы щыгъуэм колледжым щеджэрт ди гъуазджэм и лэжьакIуэ цIэрыIуэ хъуахэу Мэремыкъуэ Хъусен, Къуныжь Алим, Тут Заур сымэ.

- Хъарзынэу ирагъэджауэ щытмэ, оперэ уэрэджыIакIуэм сыт хуэдэ лIэужьыгъуэри хужыIэнущ. Романси, лъэпкъ уэрэдри, эстрадэри, нэгъуэщIхэри. Ар щIыжысIэращи, сезыгъэджахэм я фIыщIэщ сыт хуэдэ уэрэд лIэужьыгъуэри зэрысхужыIэр, - жеIэ Аслъэнбий.

ШэджыхьэщIэм колледжыр къыщиухым, ди республикэм щэнхабзэмкIэ и министру а зэманым щыта Ефэнды Джылахъстэн кIуэри, и диплом лэжьыгъэ программэм едэIуащ. МосквакIэ щылъэIуауэ нэхъыфI дыдэу къалъытэ Ленинград консерваторием ягъэкIуэну арат я мурадыр. Ар щыжриIэм, унагъуэ зыухуа къудей, сабий пэплъэ щIалэщIэр гуитIщхьитI хъунтэкъэ?! Джылахъстэн ар тригъэгушхуащ, дэIэпыкъуэгъу хъуну къигъэгугъащ. Къытридзэу Налшык къэкIуа анэми унагъуэм и Iуэхур зытетыр министрым къыжриIа щхьэкIэ, едэIуэххакъым, и жэуапри кIэщIт: «Мыр уэри сэри дыдейкъым, мыбы и макъыр зейр лъэпкърщи, абы хуэгъэлэжьэн хуейщ. Бгъэдэлъ талантращ щIэдгъэакIуэр, и щIалэфIагъракъым». Машинэм иригъэтIысхьэри къуажэм иригъэшэжащ.

ШэджыхьэщIэ Аслъэнбий щеджэм оперэ уэрэд жыIэкIэр япэ итащ сыт щыгъуи. Щхьэхуэу опереттэм и театр иIэт Ленинград, итIани абы кIуэуэ едэIуэн дэнэ къэна, щIыхьэну хуит ищIу щытакъым и профессорым. ЕджапIэм къыпэщыт Мариинскэ театррат къыщIэмыкIыу щIэсыну къызыхуриджэр.

Зыхэт спектаклхэмкIэ, концерт зэмылIэужьыгъуэхэм щыжиIэ уэрэдхэмкIэ иджыри еджэу гу къылъатат ШэджыхьэщIэм, щIыпIэ зыбжанэм щылэжьэнуи ирагъэблэгъат. АрщхьэкIэ и унэжь нэхъ къиштэри, Налшык къигъэзэжащ.

ЕджапIэ зыгъэкIуа Ефэнды Джылахъстэн и деж щыщIыхьэм, зыщIигъэщIагъуэ и дипломым къеплъагъэххэкъым, «сэ усцIыхуркъэ уэ?» жиIэри. И лэжьыгъэр убзыхуагъэххэти, Музыкэ театрым ягъэкIуащ. Оперэхэм я нэхъ гугъу дыдэу къалъытэхэм ящыщ «Кармен»-р Аслъэнбий хэту 1980 гъэм накъыгъэм и 7-м утыку кърахьащ. Ар артистым и гъунэилъэ лэжьыгъэшхуэт.

Оперэхэм я мызакъуэу нэгъуэщI лэжьыгъэ Iэджэми хэтащ ШэджыхьэщIэри, езым къызэрыхигъэщымкIэ, дэтхэнэ зы ролми ирогушхуэ ар, псом хуэмыдэу щогуфIыкI сабий спектаклхэм щигъэзэщIахэм.

- Сэ жысIахэр псори гугъу защIэщ, къапщтэмэ. Ауэ, къызэрыхэзгъэщащи, нэхъ гугъу дыдэр жысIа иужькIэ, тIэкIу сыкъеIэбыхыурэ адрейхэр щызгъэзащIэм сытыншащ, - жеIэ Аслъэнбий. - «Риголетто»-м хэт герцогым и ролыр гугъу дыдэщ, «Травиата»-ри аращ. Сыщеджэ зэманым щегъэжьауэ сыкъэкIуэжа иужьи, зы махуэ ХьэхъупащIэ Хьэжбэчыр и нэIэ къыстемыту, къыздэмыIэпыкъуу дэкIакъым. Си концерт Iуэхур зэтеубла зэрыхъуар нэхъыбэу зи фIыщIэр аращ. Зы махуэ арыххэу сыщигъэсакъым абы, Кавказ Ищхъэрэм зыгъэпсэхупIэ нэхъ ину итым мазэ къэсыхукIэ сигъэкIуащ, концерт зыбгъупщI щызигъэту.

Иджыпсту Музыкэ театрым и лэжьыгъэм быдэу сепхауэ схужыIэнукъым. Сэ зи роль згъэзащIэу щытахэр псори ныбжькIэ щIалэт. Си макъыр схъумами, си теплъэмкIэ къекIуркъым языхэзми и ролыр сщIыну.

Кавказ Ищхъэрэм ГъуазджэхэмкIэ и институтым илъэс зыбжанэкIэ зэрыщригъэджар къызолъытэри, Аслъэнбий соупщI: «Уэрэд жыIэнымрэ егъэджэныгъэ лэжьыгъэмрэ дэтхэнэр нэхъ гугъу?» «ТIури тыншкъым, - къызет жэуап. - Утыкум итыр уи закъуэщи, уи щхьэм и жэуап уэ езым бохь. ЕджапIэм уи нэIэм щыщIэт щIалэгъуалэр ебгъаджэ къудейкъым, ар уи унагъуэм хуэдэщ, дэтхэнэми бгъэдыхьэкIэ щхьэхуэ къыхуэбгъуэтыныр, псори зэхэпщIыкIыныр уи къалэну. Сыхьэт зырызу, щхьэхуэщхьэуэу уадолажьэ абыхэми, дэтхэнэм и егъэджэкIэнури, бгъэдэплъхьэнури, ебгъащIэр къазэрыгурыIуэри ауэ къызэрымыкIуэу зэщхьэщокI. Культурэм, искусствэм хуеджэ сабийхэр мыдрейхэм ещхькъым. Ахэр я талантkIэ, я гупсысэкIэкIэ адрейхэм къазэрыщхьэщыкIым къыдэкIуэу, иджыри щхьэхуэу зыгуэр яхэлъу щытын хуейщ. Макъыр къыхэпхын щхьэкIэ пасэу иужь уихьэн хуейщ. Си щхьэкIэ сыкъапщтэмэ, сыхуейт икIи си мурадщ школыр къыщаухым и деж еджапIэ зыбжанэ сыкIуэу ныбжьыщIэхэм седэIуэну. Абыхэм яхэтщ къыдалъхуауэ макъ бэлыхь зиIэ, уэрэд жыIэныр егъэлеяуэ фIыуэ ялъагъуу. А IуэхугъуитIыр зэщIыгъуныр Iэмал зимыIэщ, нэгъэсауэ пхуегъэджэнури узыхуейр къызыхэпщIыкIыфынури ахэращи. Апхуэдэ сабий зыбгъупщI зэхуэсшэсу си класс къызэIусхыфамэ, сыту фIыт!».

Мурадрэ хъуэпсапIэрэ зимыIэ цIыху дунейм тет къыщIэкIынкъым, Аслъэнбии абыхэм ящыщ зыщ. «КъызэхъулIэмэ, пшыхь зытIущ сщIыну къыщIэкIынщ, си гукъэкIыжхэм сриплъэжу. Сыщеджэми концерт IуэхукIэ нэгъуэщI къалэхэм сыздэкIуэми цIыхушхуэхэм сахуэзащ сэ, гъэщIэгъуэну Iэджи къызэхъулIащ. Сигу къэзгъэкIыжын си куэдщ жыхуэсIэщ. Си ныбжьэгъуфIу щытауэ зыр зым кIэлъыкIуэу дунейм ехыжа Дэбагъуэ Хьэсэн, Мэршэнкъул Iэдэм, ПащIэ Ахьмэд, Жылокъуэ Мухьэмэдин, Жанатаев Исмэхьил сымэ, нэгъуэщIхэми ятеухуа пшыхь щхьэхуэу сщIынущ. Къысхузэпищэмэ, абы къыкIэлъыкIуэнущ радиомрэ телевиденэмрэ щылэжьахэу КIуж Борис, Беппаев Сергей, Мэремыкъуэ Хъусен, Пщыгъуэш Юрэ, нэгъуэщIхэми я фэеплъ концертыр.

ШэджыхьэщIэ Хьэмыщэ итха уэрэдхэр сэ жысIэу зытет, «УщытеткIэ, сыщытеткIэ зы дунейм» и фIэщыгъэу, альбомышхуэ къыдэзгъэкIауэ щытащ. Ди усакIуэ цIэрыIуэхэм я псалъэхэр зыщIэлъ уэрэдхэр зы альбому згъэхьэзырыну си хъуэпсапIэщ.

Зы махуи сыхущIегъуэжакъым си IэщIагъэр къызэрыхэсхам, сфIэфIуи сролажьэ. Пэжым ухуейуэ щытмэ, мылъку ухущIэкъуу, зы бэлыхь гуэр сщIэнти, дунейр зэзгъэдзэкIынти, жыпIэу гъуазджэм ухыхьэ хъунукъым. ЗэрыжысIащи, талант уиIэн, IэщIагъэр уи псэм хэлъын хуейщ.

ХъуэпсапIэу сиIэм я щхьэщ си къуэрылъху цIыкIур сыткIи гъащIэм щехъулIэныр, узыншэныр. Медицинэ IэщIагъэр къыхихами, адыгэ къафэм фIы дыдэу хещIыкI, «Зори Кавказа» ансамблым хэтащ илъэс куэдкIэ, макъ хъарзынэ иIэщ. Езы Алинэ си гур фIы къызэрысхуищIащи, дохутыр хъумэ, хуеймэ уэрэди жиIэнщ.

ИСТЭПАН Залинэ.

Индрис и пшынэм сыкъызэрыдэфар

ГукъэкIыж гъэщIэгъуэнхэр щызэхэухуэна мы тхыгъэр къызыбгъэдэкIар журналист КЪУМЫКЪУ Хьэутийщ. «КъБАССР-м гъуазджэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ», «КъБР-м щIыхь зиIэ и артист» цIэ лъапIэхэр, «ЩIыхь дамыгъэ» орденыр зыхуагъэфэща артист икIи пшынауэ Iэзэ, республикэм и щэнхабзэмрэ гъуазджэмрэ я лъабжьэр зыгъэтIылъахэм, а унэтIыныгъэхэм хэлъхьэныгъэфI хуэзыщIахэм ящыщ Къэжэр Индрис къызэралъхурэ илъэси 130-рэ щрикъум ирихьэлIэу тыдодзэ ар.

ФIЫУЭ зэрыIыгъ, гушыIэ зыхэлъ унагъуэшхуэщ сыкъыщыхъуар. Си анэр пшынауэт, и цIэр Гурэт, ауэ адрейхэми ещхьу, а зэманым ди анэм дызэреджэу щытар Нанэщ. СызекIуэф зэрыхъуу, къэфэным сыхуигъэсащ. Быным сранэхъыщIэти, си къуэшхэмрэ си шыпхъухэмрэ сагъафIэрт, IэплIэкIэ сыкърахьэкIырт. Iуэхухэм къащыдэхуэкIэ, ди анэм унагъуэ джэгу ищIыурэ дыкъигъафэрт. Гъэмахуэ хъуамэ лъапцIэу къэджыхьу, уэшх къешхамэ, уэшхыпс хуабэм дыхэту махуэ псом дыджэгуу щытащ а зэманым.

Зы пщэдджыжь гуэрым IуэхукIэ и шыпхъум деж нанэ сиутIыпщати, сызэшу си закъуэ сымыкIуэн щхьэкIэ, ди гъунэгъу, си ныбжьэгъу щIалэ цIыкIуитIи гъусэ къэсщIщ, ди «Iэщэ-фащэр» - дызэрыджэгу хабзэ пхъэ сэшхуэри щIыгъуу къатщтэри, гъуэгу дытехьащ. ДымыпIащIэурэ дыздэкIуэм, шыпсыранэ дыхуэзэмэ, Чапаевым зедгъэщхьурэ, зэтедупщIатэрт. Ауэрэ, псыежэхым дынэсри, мывэ пIащIэ тедгъэлъадэурэ абдежми зыкъомрэ дыщыхьэулеящ. Хэт и мывэр нэхъыбэрэ псыщхьэм щылъэтами дризэныкъуэкъуурэ бгыщхьэм дыдэкIри, клубым пэгъунэгъу дыхъуащ. Клубым къыпэщхьэхуэ пэшым и бжэр Iухати, дыщыIухьэм долъагъу зи щIыбагъыр бжэмкIэ къэгъэзауэ стIолым бгъэдэсу пшынэ еуэ лIыр. Пшынэ макъым сесати, сэ нэхъыбэу гъэщIэгъуэн сщыхъуар лIыр пшынэ зэреуэрт. А зэманым цIыхубз фIэкIа пшынауэ щыIакъым, «Фыз ухъуа пшынэ уеуэу» жаIэнти, ауан укъащIынт. ЛIыр пшынэ еуэурэ жьэкIэ дежьуужырт. Е ди ныбжь тридза, хьэмэрэ дызэрыIухьар гукIэ къищIа, къызэплъэкIри, дыкъыщилъагъум и шэнтыр бжьэщхьэIум нэс къигъэкIуатэщ, тетIысхьэжри гуфIэжу хэтIэ-хэсэ еуэу щIидзащ. Ар хэтми дэ иджыри тщIэртэкъым. ЛIыр гуфIэжу пшынэ йоуэ, дэри зыдукIыжу, сабэлыгъуейр дрипхъейуэ, пщIэнтIэпсыр къыдэжэхыу лъапцIэу ислъэмей дощI.

Апхуэдэу зыкъомрэ дигъэджэгуа нэужь, и пшынэ еуэныр зэпигъэури, хуабжьу къытщытхъуурэ жиIащ «псым фыжи, быдэу зывгъэпскIыж, армыхъумэ, фи деж фыкъацIыхужынкъым» жиIэри. ДыздэкIуа псым дыдихьэхри, дыгъэкъухьэгъуэ хъуху дыджэгуу дыхэсащ.

Нанэ си пщэ кърилъхьар сигу къыщыкIыжар, пщIантIэм сыдыхьэжу, хьэкъущыкъу зытхьэщIу пщIантIэм дэс си анэм и нэгу сиплъа иужькIэщ. «Сыт нышэдибэ лъандэрэ абы щыпщIар, уздэзгъэкIуам къыбжиIар сыт?» жиIэу къыщызэупщIым, сщIэнур сымыщIэу си щхьэр есхьэхат, ауэ пцIы сыупсу къызэрысхуимыдэнур хьэкъыу сщIэрти, къызэрекIуэкIар псори жезмыIэжу хъуакъым. «Хэт сымэ уи гъусар?» - жиIэу къыщызэупщIым, «Музэринрэ Мухьэмэдрэщ» - жэуап изотыж. «А-а-а» - жеIэри, зэпеш нанэ.

Ину мэдыхьэшх. «Фэ Къэжэр Индрис и пшынэм фыкъыщыдэфакIэ зы бэлыхь фыхъуну къыщIэкIынщ» - жеIэри, аргуэру мэдыхьэшх. Абы щыгъуэщ сэ япэ дыдэу Къэжэр Индрис и цIэр щызэхэсхар.

Си пщэ кърилъхьар зэрызмыгъэзэщIам щхьэкIэ фIыуэ сиужьыгуа иужькIэ, ифI зыкъришэжри, жиIащ Индрис зэрыцIыхуфIыр: «Абы и Iэпэм дыщэ къыпощ - пшынауэщ, щыгъынхэр ебзри, едыж, уэрэдусщ, апхуэдэ цIыху гъуэтыгъуейщ», - къыщIигъужащ нанэ.

Сабийхэм бзэ IэфIкIэ къызэрыдэпсалъэмрэ и пшыналъэмрэ дыдихьэхати, Индрис деж кIэщI-кIэщIурэ дыкIуэу щIэддзащ. Ар зыщIэс пэшым стIолитI щIэтти нэхъ иным щэкI, Iэрыгъадэ машинэ, линейкэ, мел, лэныстэ телът, адрейм телъыр и пшынэмрэ и пыIэ хъурыфэмрэт. ИужькIэ къэтщIащ: бзэурэ, дэурэ еша иужькIэ, пшынэр къищтэрти, иусам макъамэ щIилъхьэурэ абыкIэ зытригъэужт.

БжэIупэм дыIухьауэ дыкъызэрилъагъуу, гуфIэжу пшынэр къищтэрти, бжэщхьэIум деж къэтIысырт, ислъэмей еуэурэ, дешыхункIэ дэуейуэ дигъэджэгурт Индрис. ИужькIэ «фыщIалэфIщ» жиIэурэ къытщытхъурти, дыкъиутIыпщыжырт.

Хабзэ зэрытхуэхъуауэ зы махуэ гуэр дыщыкIуам, Индрис и пэшым IункIыбзэ етауэ дрохьэлIэ. Абы иужькIэ аргуэру зыкъомрэ дыкIуащ, ауэ Индрис дгъуэтыжакъым. Дэри тIэкIу-тIэкIуурэ тщыгъупщэжащ. ИлъэситI-щы дэкIауэ, аргуэру зэ сыхуэзэжащ Индрис. Гъэмахуэти, махуэ псом зыдгъэпскIыу, хъыданыжьым къыхэщIыкIа топыр (а зэманым хьэфэ топ щыIакъым) тафэм къыщетхуэкIыу пщыхьэщхьэхуэкIуэу унэм секIуэлIэжа нэужь, аргуэрыжьти, нанэ къызэшхыдащ «умышхэу махуэ псом дэнэ уздэщыIар» жиIэри. Сигъэшха иужькIэ, си нэм къыщIэплъэурэ къызжеIэ: «КъэфакIуэ гуп и гъусэу Индрис къэкIуэжащ, ныщхьэбэ джэгунухэщи, ухуеймэ кIуэ» - жиIэри. ФIыуэ зызигъэтхьэщIщ, щыгъын къабзи вакъи щызигъэтIагъэри, топым хуэдэу сыдэлъейуэ сыдэжащ. СыздэкIуам клубри гъэбыдат, Iэуэлъауи щыIэтэкъым. СщIэнур сымыщIэу согупсысэ. ЗэикI, нанэ сыкъигъэпцIауэ пIэрэ, жызоIэ сигукIэ. Абы хэту школымкIэ щызэхызох пшынэ макърэ Iэгуауэшхуэрэ. СыкIуэмэ - класс нэхъ иным партэхэр къыщIахауэ абы щоджэгу. ЛъэувыпIэ имыIэу цIыхур щIэзу щIэтщ. ДэнэкIэ сымыгъазэми, пхыплъыпIэ згъуэтыртэкъым. Щымыхъужым, хьэлъакъуиплIу сыкIуэцIрыпщу щIэздзащ. Сыпщурэ, ислъэмей зыщIым и лъакъуэхэр слъагъуу утыкум сынэблэгъауэ, адэкIи-мыдэкIи симыгъакIуэу зыгуэрым сыдикъузащ. НэгъуэщI Iэмал щызмыгъуэтыжым, и лъэнкIапIэм седзэкъэну си гугъати, и шырыкъу лъапщэ кIыхьым Iэмал къызитыртэкъыми, си тхьэ къызэрихькIэ и куафэм сепIэскIури, къафэм пэгъунэгъуу утыкум сыкъыщыхутащ. Ар щалъагъум, Iэгуауэри нэхъ иныж мэхъу. Пшынэ еуэныр Индрис зэпигъэуа иужькIэ сызэришалIэри: «Хэт урей, си щIалэ цIыкIу?» жиIэри къызэупщIати, «Уэзырмэс» - жызоIэ. «Уэзырмэс хэт?» - жи, аргуэру Индрис. «Къумыкъу Уэзырмэс» щыжысIэм, «Iэу, Гурэ урикъуэ!». «Уэлахьи, уи анэр пшынауэ Iэзэм, арай уэ апхуэдэу укъыщIэфэр!» - жи. «ФIыуэ еджэ, умыбэлэрыгъыу къафэ, ин ухъумэ Налшык усшэнщи, къэфакIуэхэм уахэзгъэхьэнщ», - жеIэри дахэ къызжеIэ Индрис. Джэгум и кIэухыу арати, си зэранкIэ пищэн хуей хъуащ. Аргуэру нэгъуэщI зыгуэрым ислъэмей дызигъэщIри, абдеж щызэхуищIыжащ.

Индрис и джэгум «наIуэ» сыщыхъури, школым сыщIэтIысхьа иужькIэ зэхыхьэ щыIэмэ, махуэшхуэхэм деж сыкъагъафэу щIадзащ. 1934 гъэм япэ дыдэу «Ленин» орденыр ди республикэм къыщратам щыгъуэ Прохладнэм (КъалэкIыхьым) Къалмыкъ БетIал зыхэт пэкIушхуэ щекIуэкIти, абыи сашэри Къалмыкъым и пащхьэ сыкъыщагъэфащ.

А зэманым Къэжэр Индрис фIэкIа лIы пшынауэ ди республикэм исакъым. ЛIыр пшынэ еуэныр икIагъэу къалъытэрт. Пшынэ еуэным и мызакъуэу, дэрбзэр Iэзэу, усэ итхрэ абы макъамэ щIилъхьэжу, и пшынэм дежьууэ, и уэрэдыр езым жиIэжу апхуэдэт. ГушыIэ уэрэд куэди зэхилъхьащ Индрис. Ар сыт щыгъуи зэманым дежьууэ щытащ.

ИужькIэ Хэку зауэшхуэр къэхъейри иухыжащ, ауэ сэ зэикI сигу ихуакъым «ФIыуэ еджэ, зэпымыууэ къафэ, ин ухъумэ къэфакIуэхэм уахэзгъэхьэнщ» къызжиIауэ зэрыщытар. Зауэр иухыу 1945 гъэм Налшык сыкъэкIуа иужькIэ куэдрэ Индрис сылъыхъуащ, ауэ зыми къызжиIэфакъым абы и Iуэху зытетыр. Ди къуажэгъу, си адэм и ныбжьэгъуу щыта Амдул сымыщIэххэу срохьэлIэри, и унэр сигъэцIыхуну я деж сешэ. Дыуэршэру дыздэщысым, зауэшхуэ екIуэкIар игу къигъэкIыжри, къысхуиIуэтэжауэ щытащ сэлэт фащи ящымыгъыу, Iэщи ямыIыгъыу яубыдри, Къэжэр Индрисрэ ЩоджэнцIыкIу Алийрэ я гъусэу Бобруйск щыIа нэмыцэIуэм зэрисар, Алийрэ Индрисрэ а Iуэм гуузу зэрыщыкIуэдар. ЗэрыжиIэжамкIэ, езы Амдули псэууэ а Iуэм къикIыжыну щыгугъакъым. Езы Индрис и жьэкIэ къызжиIащ жиIэри, Амдул къысхуиIуэтэжащ нэгъуэщI зы хъыбар гъэщIэгъуэни.

Индрис пшынауэу, дэрбзэру икIи художественнэ унафэщIу здэщыIэ «Кабардинка» ансамблым хагъэхьэну зэпеуэ екIуэкIырт. Ахэр къыхэзыхыр ЩоджэнцIыкIу Алийрэ Къэжэр Индрисрэт. Ансамблым хыхьэну зэпеуэм къызэхуэсахэм яхэтащ IэпкълъэпкъкIи, макъкIи, къэфэнкIи хуэмыщIа цIыхубз гуэр. Ар зэпеуэм пхымыкIыу къэнащ. А цIыхубзыр военкомым и щхьэгъусэм и шыпхъуу къыщIэкIащ. Арати, къахузэгуэпри, Алийрэ Индрисрэ зэгъусэу стройбатым хигъахуэри дигъэкIауэ арат.

Алътуд къуажэм ЩэнхабзэмкIэ и унэшхуэм иджы зэрехьэ Къэжэр Индрис и цIэр. СыкIуэжарэ абы сыIуплъамэ, сыт щыгъуи сигу къокIыж цIыху щэджащэу дунейм тета, адыгэ щэнхабзэр къэзыIэта Къэжэр Индрис.

Тедзэным хуэзыгъэхьэзырар
ТЕКIУЖЬ Заретэщ.

Урысейр, Тыркур, адыгэхэр

«Адыгэ псалъэ» газетым зэрытетащи, фокIадэм и 19-м КъБКъУ-м щызэхэтащ «Урысеймрэ Тыркумрэ: дунейпсо щытыкIэмрэ геополитикэ Iуэхухэмрэ - 2025» зыфIаща етIуанэ щIэныгъэкъэхутэныгъэ зэIущIэр. Ар къызэрагъэпэщат Дунейпсо Адыгэ Хасэмрэ Дипломатиер гъэкIуэтэнымкIэ Горчаковым и цIэр зезыхьэ фондымрэ. КъэралыгъуитIым дунейпсо утыкум щаубыд увыпIэм, а тIум я зэхущытыкIэм, хэхэс адыгэхэм я щыIэкIэ-псэукIэм тепсэлъыхьыну зэхуэсат Европэм и къэралхэм, Тыркум, Абхъазым, Урысейм и щIыналъэхэм щыIэ Адыгэ Хасэхэм я пашэхэмрэ лIыкIуэхэмрэ.

Затулиным хуагъэфэщащ ДАХ-м и дамыгъэ нэхъыщхьэр

АДЫГЭХЭМ я махуэм ирихьэлIэу къызэрагъэпэща зэIущIэм хэтащ КъБР-м и Iэтащхьэм и Администрацэм и УнафэщI Къуэдзокъуэ Мухьэмэд, ДАХ-м и тхьэмадэ Сэхъурокъуэ Хьэутий, УФ-м и Къэрал Думэм и депутат, СНГ-м и IуэхухэмкIэ, евразие къэралхэм я зэкъуэтыныгъэмкIэ, ди хэкуэгъухэм хуаIэ зэпыщIэныгъэхэмкIэ комитетым и унафэщIым и япэ къуэдзэ Затулин Константин, УФ-м Хамэ къэрал IуэхухэмкIэ и министерствэм и Представительствэм и унафэщI Нюппэ Сергей, УФ-м и ЦIыхубэ тхакIуэ МэшбащIэ Исхьэкъ, Федеральнэ инспектор нэхъыщхьэу КъБР-м щыIэ КъуэщIысокъуэ Тимур, ЦIыхухэм я хуитыныгъэхэр хъумэнымкIэ уполномоченнэу КъБР-м щыIэ Зумакулов Борис, КъБР-м и Жылагъуэ палатэм и унафэщI Берд Хьэзрэталий, КъБКъУ-м и ректорым и къалэнхэр зыгъэзащIэ Алътуд Юрэ, КъБР-м Гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ и институтым и унафэщI Дзэмыхь Къасболэт, ЩIэныгъэхэмкIэ Дунейпсо Адыгэ академием и щIэныгъэлI секретарь нэхъыщхьэ Щхьэгъэпсо Сэфарбий, ДАХ-м и вице-президент, Къэбэрдей Хасэм и тхьэмадэ ХьэфIыцIэ Мухьэмэд, КъБР-м и жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я лIыкIуэхэр, КъБКъУ-м и егъэджакIуэхэмрэ студентхэмрэ.

ЗэIущIэр къызэIуахын ипэ МэшбащIэ Исхьэкъ и ныбжьыр илъэс 95-рэ зэрырикъуам папщIэ къызэхуэсахэр ехъуэхъуащ.

АдэкIэ Дунейпсо Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ Сэхъурокъуэ Хьэутий хьэщIэхэмрэ зэIущIэм хэтхэмрэ захуигъазэу жиIащ:

- Ныбжьэгъухэ, ди нобэрей щIэныгъэ-практикэ конференцым и етIуанэ зэхыхьэм си гуапэу фыкъызогъэблагъэ. «Урысеймрэ Тыркумрэ: дунейпсо щытыкIэмрэ геополитикэ Iуэхухэмрэ - 2025» фIэщыгъэм лъабжьэ хуэхъуар ди лъэпкъэгъу хэхэсхэр Тыркум мелуан бжыгъэкIэ зэрыщыIэрщ. Ди гуапэ зэрыхъунщи, адыгэхэр сыт хуэдэ къэралыгъуэ щыпсэуми, зыхэс къэралым хуэлажьэу, я цIэр фIыкIэ къраIуэу къогъуэгурыкIуэ. Иужьрей зэманым къэралыгъуэхэр зэкъуоувэ, зэдолажьэ, мурадыфIхэр зэдаубзыху. Ар нэрылъагъу тщыхъуащ Урысейм, Китайм, Индием, нэгъуэщI къэралыгъуэхэм я унафэщIхэр иджыблагъэ щызэIущIам. ГъэщIэгъуэнракъэ, а зэIущIэшхуэхэм хэтащ Украинэр къигъэсэбэпурэ Урысейм и лъэр щIэзыгъэхуну хущIэкъу, тезырышхуэхэр къыттезылъхьэ Европэри. «Дуней мыузыншэм къэрал узыншэ щыIэфынукъым. Къэралыр сымаджэмэ - цIыхухэри лъэрымыхьщ», - жаIэ. Ар къэплъытэмэ, дэ, Дунейпсо Адыгэ Хасэм, ди пщэ къыдохуэ къалэнышхуэ - хэхэсу щIым текъухьа ди лъэпкъэгъухэм ди зэхуэдэ хэкум, Урысейм, и политикэр дэтIыгъыну. Абы папщIэ ДАХ-м и ГъэзэщIакIуэ гупымрэ Советымрэ хамэ къэралхэм щыпсэу адыгэхэм дахуеблагъэурэ зэIущIэхэр щыдогъэкIуэкI. Псалъэм папщIэ, апхуэдэ зэхыхьэхэр щедгъэкIуэкIагъэххэщ Тыркум, Иорданием, Израилым, Абхъазым. Иужь дыдэу дыздэщыIар Абхъаз къэралыгъуэрщ. Дызэрыщыгъуазэщи, IэнатIэ хьэлъэ Iутщ ахэр. ИкIи ди къалэну къызолъытэ а щIыналъэм щыпсэу ди лъэпкъэгъухэм защIэдгъэкъуэну, Урысейм и дамэпкъыр зыхащIэн папщIэ, ди къару къихьыр яхуэдлэжьыну. МыхьэнэшхуэяIэщ КъуэкIыпIэ Гъунэгъум къыщекIуэкI Iуэхугъуэхэми. Къэрал къэсыху езым и гъэпсыкIэрэ псэукIэрэ иIэжщ. Ахэр къэлъытауэ, щхьэж бгъэдыхьэкIэ щхьэхуэ хуэубзыхупхъэщ, ди зэхуэдэ хэкум дызэкъуэту дыхуэлэжьэфын папщIэ. Гу лъыстэну сыхуейт дзэ Iуэху хэхахэми. Ди къэралым и Президент Путин Владимир хиша лъагъуэм захуэу дытетщ дэри, ар дыдоIыгъ фашизмымрэ неонацизмымрэ гъэкIуэдыным теухуауэ. Нобэрей зэIущIэм хэт дэтхэнэ зыри фыкъыхузоджэ мыбдеж къыщапсэлъынухэм ди тхьэкIумэр гъэхуауэ дедэIуэну, абы иужькIэ унафэ пыухыкIахэри дубзыхуну. ФIыщIэ щхьэхуэ хуэсщIыну сыхуейт Горчаковым и фондым. Ар сытым дежи щIэгъэкъуэн къытхуохъу мамырыгъэр, зэгурыIуэныгъэр, зэкъуэтыныгъэр ди гъуазэу едгъэкIуэкI IуэхугъуэхэмкIэ. КъищынэмыщIауэ, и цIэ къисIуэнут КъБКъУ-м и унафэщI Алътуд Юрэ. Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетыр егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмрэ я лъапсэу зэрыщытым и мызакъуэу, лъахэм и щэнхабзэ дауэдапщэхэм я жьантIэщ, - къыхигъэщащ абы.

Республикэм и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек къыбгъэдэкIыу, хьэщIэхэм псалъэ гуапэкIэ захуигъэзащ Къуэдзокъуэ Мухьэмэд.

Налшык къэмыкIуэфахэр видеоIэмалым иту зыкъыпащIэри, къыщыпсэлъащ зэIущIэм. Апхуэдэу, УФ-м и Жылагъуэ палатэм Лъэпкъ Iуэхухэмрэ фIэщхъуныгъэмкIэ щыIэ комиссэм и унафэщI Зорин Владимир къыщыпсэлъам къыхигъэщащ мы унэтIыныгъэмкIэ мамырыгъэр зэтеIыгъэным теухуауэ Дунейпсо Адыгэ Хасэм и пщэ къыдэхуэ къалэныр зыхуэдизыр.

- Дунейм адыгэу текъухьам я екIуэлIапIэ нэхъыщхьэщ ДАХ-р. Абы и тхьэмадэ Сэхъурокъуэ Хьэутий сэрэ 2012 гъэ лъандэрэ дызэроцIыху. А гъэм Олимп джэгухэр Сочэ къалэм щекIуэкIын хуейуэ къэралым а Iуэхугъуэшхуэм зыхуигъэхьэзырырт. Абы щыгъуэ Сэхъурокъуэм дэслъэгъуар акъылышхуэмрэ шыIэныгъэмрэ я закъуэкъым. Зи лъэпкъым хуэпэж, ар фIыуэ зылъагъу, гъуэгу захуэм темыкIмэ зи щIасэ пашэщ ар, - къыхигъэщащ Зориным.

ЗэIущIэр зытеухуамкIэ къэбгъэзэжмэ, Урысеймрэ Тыркумрэ зэдолажьэ 1497 гъэ лъандэрэ. Тхыдэджхэм зэрыжаIэмкIэ, абы щыгъуэщ Урысейм и политикэ лIыкIуэр япэ дыдэу Уэсмэн къралыгъуэм щигъэкIуар. Илъэс мин ныкъуэм къриубыдэу а къэралыгъуитIыр мызэ-мытIэу зауэ губгъуэм щызыпэщIэувэжащ икIи пхужыIэнукъым Урысеймрэ Тыркумрэ зы Iуэху еплъыкIэ яIэу, я акъыл зэтехуэу. Арами, нобэкIэ Урысейр дунейпсо утыкум лъэ быдэкIэ ит къэралыгъуэ лъэщщ, Тыркур - тырку дунейм и пэрытщ, и псалъэм куэд дыдэ елъытащ.

- Урысеймрэ Тыркумрэ къэралыгъуэу зэрыщыIэрэ 13-рэ зэзэуащ. Нобэрей тырку къэралыгъуэр картэм имытынкIи хъунт зэгуэр а тIум зэгурыIуэныгъэ зэрамыщIылIамэ, зэрызэдекIуэкIын, зэрызэдэлэжьэн щхьэусыгъуэ къамыгъуэтамэ. Арами, ди Iуэху еплъыкIэкIи, хьэлкIи, дуней тетыкIэкIи дызэщхькъым тыркухэмрэ дэрэ. ИкIи щхьэгъэпцIагъэщ нобэ дунейм къыщекIуэкI политикэ IуэхугъуэхэмкIэ зэакъылэгъу дыхъуным ущыгугъыныр. Ауэ, лэгъупыкъум хуэдэу дызэпищIэу, Iуэхугъуэ гуэрхэр ди зэхуаку дэлъщ. Псалъэм папщIэ, адыгэхэр. Сэ университетым и тхыдэ къудамэрщ къэзухари, зыми хуэмыдэжу сыщыгъуазэщ илъэси 160-кIэ узэIэбэкIыжмэ, Кавказымрэ Урысеймрэ я зэхуаку дэлъам, абы и Iэужьу адыгэхэр мелуан бжыгъэкIэ хамэ щIыналъэхэм къызэрыщыхутам. Ар тхыдэщ. Тхыдэр тхыдэ зыщIыжри апхуэдэ Iуэхугъуэхэрщ, ауэ дэ блэкIам дыхуеплъэкIыурэ абы тещIыхьауэ ди нобэрей махуэр дубзыху хъунукъым. Дызэплъын хуейр зыщ - адыгэу дунейм тетым я Хэкур здэщыIэр Урысейращи, ди дуней еплъыкIэри зыуэ щытыпхъэщ. Адыгэбзэр, хабзэр, щэныр, фащэр кIуэдыжынкIэ Iэмал иIэкъым. Ар ди къэралым и къулеигъэхэм ящыщ зыщ, ар зэрытхъумэнми дыпылъу унафэхэр яубзыху. Пэжыр пэжу щытын хуейщ, адыгэхэм Урысейм щагъуэт пщIэмрэ лъытэныгъэмрэ хуэдэ зыщIыпIи щаIэкъым. Хэкужьым къэзыгъэзэжыну хуейхэм папщIэ хабзэхэр ягъэщэбэну щIолъэIу хэхэсхэр. Ауэ Урысейм и хабзэмрэ бзэмрэ ямыщIэу мыбы къэкIуэжхэр щылэжьэфынукъым икIи щыпсэуфынукъым. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм къэралыбзэу 3 иIэщ: адыгэбзэ, балъкъэрыбзэ, урысыбзэ. Мы щIыналъэр лъэпкъыбэщ. ИкIи мыбы уизэгъэн папщIэ, адыгэбзэм и закъуэ пщIэныр мащIэщ. Псалъэ къыщызатакIэ, къыхэзмыгъэщу слъэкIынукъым икIи гуапэ мыхъуу къанэркъым дзэ Iуэху хэхар къыщыхъеями, адыгэхэм, Дунейпсо Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ Сэхъурокъуэ Хьэутий Урысейм зэрыхуэпэжыр къызэрагъэлъэгъуар. Ар дэ зэи тщыгъупщэнукъым. Мис апхуэдэ зэкъуэтыныгъэкIэ дащогугъ хэкум къэзыгъэзэжыну щIэхъуэпсхэми, - жиIащ Затулин Константин къыщыпсэлъам.

Сэхъурокъуэм къыхигъэщащ Затулиным жиIа псори зэрыдиIыгъыр.

АдэкIэ псалъэ къещтэ ди нэхъыжьыфI МэшбащIэ Исхьэкъ:

- Роман 20-м щIигъу си Iэдакъэ къыщIэкIащи, ахэр псори адыгэм и тхыдэм епха защIэщ. Пэжщ, сэ схуэдэу си лъэпкъыр зыми фIыуэ имылъагъуу къысщохъу, апхуэдизкIэ си псэм хэлъщи. ИкIи а тхылъхэр стхын ипэ, дауи, тхыдэм кууэ щыгъуазэ зысщIын хуей хъуащ. Абы къыхэкIыу, си Iуэху еплъыкIи сиIэжщ... СызэреплъымкIэ, Инджылызым, Франджым, Тыркум, Урысейм я зэпэщIэтыныгъэм, я зэныкъуэкъум адыгэхэр абыхэм я зэхуакум дыдипIытIауэ аращ. Адыгэхэр езыр зауэлI лъэпкът, лъы пщтырти, я щхьэ къыщхьэщыжыжу, я хэку яхъумэжу шэсащ, я джатэр кърахащ. ЗалымыгъэкIэ дыхашауэ арат илъэси 101-кIэ екIуэкIа а зауэжьым. Ди хьэщIэ лъапIэм гу зэрылъитащи, ар блэкIа Iуэхущ, лъэпкъым и нэхъыбэр дунейм текъухьа хъуами, хэкум къинахэр я щIыналъэ исыжщ, дощIэращIэ, добагъуэ, IэштIым щIэдгъэлъэгъуэн щхьэусыгъуи диIэкъым, - жиIащ абы.

Тыркум щыпсэу ди лъэпкъэгъухэм я щыIэкIэ-псэукIэр зыхуэдэм теухуауэ зэIущIэм къыщыпсэлъащ Тыркум щыIэ Кавказ жылагъуэ зэгухьэныгъэм (КАФФЕД-м) и лIыкIуэхэу Йылмаз Онеррэ Токъмакъ Шенесеррэ. Абыхэм къыхагъэщащ хэхэс адыгэхэм хабзэ, щэнхабзэ, бзэ и лъэныкъуэкIэ нобэ яIэ ехъулIэныгъэхэм хэкум исхэм я фIыгъэ зэрыхэлъыр, я щIалэгъуалэм щыщ илъэс къэс хэкум кърагъэблагъэурэ гъэмахуэ мазэхэр мыбдеж зэрыщрахьэкIым ди зэхущытыкIэхэр зэрырагъэфIакIуэр.

ВидеоIэмалым иту зэIущIэм къыщыпсэлъащ политикэ щIэныгъэхэмкIэ доктор, Мармарэ университетым и профессор Эршен Эмре. Ар тепсэлъыхьащ Урысеймрэ Тыркумрэ я зэхущытыкIэр Евразием и геополитикэм къызэрыщыгъэлъэгъуам.

- Пэжщ, мы къэралыгъуитIым я Iуэху еплъыкIэхэр апхуэдизкIэ зэтехуэркъыми, шурэ лъэсрэ я зэхуакущ. Къэрал гъунапкъэхэр гъэбыдэным, дамэгъу пэж, ныбжьэгъуфI къызэгъэпэщынымкIэ Урысейр куэдкIэ нэхъ жыжьэ бэкъуащ, экономикэ и лъэныкъуэкIэ Китайм зэгурыIуэныгъэ дрищIылIэри. Урысейр апхуэдизкIэ жыжьэрыплъэу къыщIэкIащи, КъухьэпIэр егъэпIейтей. Тыркум щыуагъэу IэщIэкIыр - экономикэмрэ политикэмрэ зегъэужьыным хуэщIын хуей гулъытэр зэрыхуимыщIырщ, къэралыгъуэшхуэхэм къазэрыпекIуэкIырщ. Абы иIыгъыр тырку лъэпкъырщ, ахэр щыпсэу къэралыгъуэхэрщ. Европэр абы дежкIэ газ лъагъуэщ, КъуэкIыпIэмкIэ упхызыш гъуэгуанэ къудейщ. Урысейм зэгурыIуэныгъэ гуэрхэр ирищIылIами, тIуми я фейдэ зыхэлъ гуэрщ ахэр. Сэ сызэреплъымкIэ, Тыркум Урысейм нэхъ дамэгъу лъэщ игъуэтынукъым икIи а къэралыгъуэм хуиIэ зэпыщIэныгъэхэр игъэбыдэмэ, а IэмалыфIыр зыIэщIимыгъэкIмэ нэхъыфIщ, - жиIащ щIэныгъэлIым.

Европэм, Абхъазым, Ставрополь крайм, Адыгейм, Къэрэшей-Шэрджэсым щыIэ Адыгэ хасэхэм я тхьэмадэхэр зэIущIэм къыщыпсэлъащ ирагъэкIуэкI лэжьыгъэм теухуауэ. Псалъэм папщIэ, Европэм щыIэ Хасэхэм я зэгухьэныгъэм и тхьэмадэ Вэрокъуэ Затий жиIащ:

- Си адэшхуэм и адэращ хэкум икIауэ щытар. Сэ езыр Тыркум сыкъыщалъхуащ, ауэ лэжьэн, псэун IуэхукIэ Европэм нэхъ сыкъыщикIырти, Германием сыIэпхъуащ. Дэнэ сыкъыщыщIидзми, сэ си лъахэр мыращ - Кавказырщ. Зауэ нэужьым адыгэм и нэр япэу къыщыплъэжари, тыншыгъуэ, пщIэ, цIэ, щхьэ, хуитыныгъэ щигъуэтыжари Урысейр аращ. Дэ, хэхэсхэм, апхуэдэпщIэ зыщIыпIи щыдиIэкъым. Мыбдеж адыгэр и бзэ щропсалъэ, къэрал Iуэху щызэрехьэ, хуиту щопсэу, и цIэмрэ унэцIэмрэ адыгэбзэкIэ иреIуэж. Дэ апхуэдэ хуитыныгъэ иджыри къыздэсым диIэкъым. Сыхуейт хэкум къинэу ар тхуэзыхъума ди лъэпкъэгъухэм фIыщIэ яхуэсщIыну! Хэхэсхэр дэнэ дыщыIами ди дыгъэр къыщыкъуэкIыр Кавказыр здэгъэза лъэныкъуэмкIэщ, сэри гурэ псэкIэ сытым дежи мыбыкIэ сыщыIэщ. Урысей къэралыгъуэм зыгуэркIэ сэбэп дыхуэхъуххэнумэ, Европэм щыпсэу адыгэхэм ди бжэри дигухэри сытым дежи фхузэIухащ.

КъБР-м ЕгъэджакIуэхэм я IэщIагъэмрэ щIэныгъэмрэ зэпымыууэ щыхагъахъуэ и центрым и унафэщI, ЩIДАА-м тхыдэ щIэныгъэхэмкIэ и къудамэм и унафэщI Къэжэр Артур гу лъитащ Урысеймрэ Тыркумрэ зэрызэдэлэжьэфыну IуэхугъуэщIэхэм:

- ЩIэныгъэм нэхъ къару нэхъыщхьэ щыIэу къыщIэкIынкъым. Абы къыхэкIыу ди къэралыгъуитIым я еджапIэ нэхъыщхьэхэр зэдэлажьэмэ, студентхэмкIэ дызэхъуажэмэ, нэхъри дызэрыубыдынт. Дунейпсо Адыгэ Хасэм и къалэн нэхъыщхьэр - адыгэ щэнхабзэр, хабзэр, бзэр тегъэщIапIэ ищIурэ дунейм адыгэу тетыр зригъэуIужыныр щ. Абы и фIыгъэкIэ, сызытепсэлъыхь Iуэхугъуэм теухуауэ ДАХ-м лъабжьэфI игъэтIылъауэ жыпIэ хъунущ. Псалъэм папщIэ, КъуэкIыпIэм, Тыркум я тхыдэмкIэ ди университетым кафедрэ къыщызэIутхыныр, дэри уэсмэн дэфтэр хъумапIэхэм хуиту дыщылэжьэфыныр игъуэ дыдэу къысщохъу, - жиIащ абы.

Къэжэрым и гупсысэм къыпащэу къэпсэлъащ ди щIэныгъэлIхэу Дзэмыхь Къасболэтрэ КъущхьэбиЙ Анзоррэ.

ЗэIущIэм и кIэухым Затулиным хуагъэфэщащ ДАХ-м и дамыгъэ нэхъыщхьэр - дыщэ медалыр.

- ПщIэшхуэ къысхуэфщIащ адыгэ лъэпкъым, - жиIащ абы. - Си сабиигъуэр Сочэ къалэ щесхьэкIащ, илъэс 20-кIэ сыщыпсэуащ шапсыгъ лъахэм. Ижь-ижьыж лъандэрэ а щIыпIэм хэт щыпсэуами фIыуэ сыщыгъуазэщ. НобэкIэ псом нэхърэ нэхъыщхьэр ди зэхуакум зэгурымыIуэныгъэ къыдэмыхъуэу, алъандэрэ дызэкъуэту дыкъызэрыгъуэгурыкIуам хуэдэу адэкIи дызэдэпсэунырщ. Зэи зыщывмыгъэгъупщэ Дунейпсо Адыгэ Хасэмрэ абы хэтхэмрэ - сэ сыт щIыгъуи сыфщIыгъущ.

ДАХ-м и зи чэзу зэхыхьэр къазэрехъулIам гу лъитащ Къэбэрдей Хасэм и тхьэмадэ ХьэфIыцIэ Мухьэмэд псалъэ щратам.

- 1969 гъэм МэшбащIэ Исхьэкъ сыщIыгъуу япэ дыдэу Сириемрэ Ливанымрэ щыпсэу адыгэхэм деж сыщыхьэщIауэ щытащ. Абдежым къыщыщIэдзауэ нобэр къыздэсым сытолажьэ хэхэс адыгэхэм я дунейр къэгъэнэхуэным. Си гуапэу ди хьэщIэ лъапIэм тыгъэ хузощI ди лъэпкъэгъухэм ятеухуа тхылъ зыбжанэ. ИкIи къыхэзгъэщыну сыхуейт мыпхуэдэ зэIущIэ купщIафIэ куэд щIауэ сызэрыхэмытыжар. Ар зи фIыщIэр ДАХ-м и тхьэмадэ Сэхъурокъуэ Хьэутийщи, куэдрэ узыншэу и къулыкъум тетыну си гуапэщ, - жиIащ абы.

ЗэIущIэм къыщапсэлъам ипкъ иткIэ ДАХ-м хэтхэр адэкIэ зытелэжьэну Iуэхугъуэхэр къагъэнэхуащ. ПщыхьэщхьэхуегъэзэкIыу хьэщIэхэр ирагъэблэгъащ Адыгэхэм я махуэм папщIэ ягъэхьэзыра концертым.

ФЫРЭ Анфисэ.
Сурэтхэр **Къарей Элинэ** *ейщ.*

ЗэпыщIэныгъэхэр нэхъри ягъэбыдэ

(КIэухыр. ПэщIэдзэр 1-нэ нап.).

Пшыхьым зэхишэнущ Урысейм, адыгэм я тхыдэм, щэнхабзэм, лъэпкъ хъугъуэфIыгъуэхэм пщIэ хуэзыщIхэр, а зэхущытыкIэфIхэр зыгъэлъапIэхэр. Мэжид къыхигъэщащ мы гъэм япэу шапсыгъхэр АР-м щекIуэкIа Адыгэ кхъуейм и XIV фестивалым зэрыхэтар, псыжь адыгэхэм я щыIэкIэ-псэукIэр, хабзэмрэ адыгагъэмрэ зэрызэрахьэр абы щагъэлъэгъуэну Iэмал зэраIар.

Европэм щыIэ Хасэхэм я федерацэм и тхьэмадэ Вэрокъуэ Затий иригъэкIуэкI лэжьыгъэхэм щытепсэлъыхьым Iуэху бгъэдыхьэкIэ щхьэхуэ къыхигъэщащ. Ар хуабжьу иужь итщ Европэм щыпсэу адыгэхэмрэ хэкурысхэмрэ зэпищIэну, нэхъыбэ зэкIэлъыкIуэ ищIыну. Апхуэдэу мы махуэхэм хэкужьым къэкIуэжауэ зыщаплъыхь, зыщагъэпсэху Германием къикIа гупышхуэм. Ахэр хы ФIыцIэ Iуфэм щыпсэу шапсыгъхэм я деж щыхьэщIащ, Адыгейм, Къэрэшей-Шэрджэсым щыIащ, Къэбэрдей-Балъкъэрми къакIуэри, Хасащхьэм и зэхуэсми хэтащ. Псалъэм къыдэкIуэу жыпIэмэ, абыхэм я мурадщ турист гупхэр хэкум къашэ-яшэжу Iуэхур зэтраублэну.

Къыхэгъэщыпхъэщ апхуэдэу щIэхщIэхыурэ хэкум къакIуэ, хэкурысхэм я хъыбархэр дахэу Тыркум щызыIуатэ, зэкъуэшхэр зэкIэлъыкIуэным сыт щыгъуи хэлIыфIыхь Молэ Левент а махуэм ДАХ-м зэригъэлъэпIар. Хэкум и пащхьэ щиIэ фIыщIэм папщIэ абы Сэхъурокъуэ Хьэутий хуигъэфэщащ ДАХ-м и ЩIыхь тхылъымрэ дамыгъэ нэхъыщхьэмрэ.

Ставрополь щыIэ «Адыгэхэр» лъэпкъ-щэнхабзэ IуэхущIапIэм и унафэщI Шыбзыхъуэ Юрий зи гугъу ищIар а къалэм еджакIуэ кIуэ студентхэр я нэIэ зэрыщIэтырщ, лъэпкъыр лъэпкъыу къызэтенэн, адрейхэм яхэмышыпсыхьыжын, щIэблэм адыгэбзэр ящымыгъупщэн папщIэ ирагъэкIуэкI лэжьыгъэрщ. Лъэпкъ-щэнхабзэ центрыр щылажьэр Ставрополь къалэм ЗэныбжьэгъугъэмкIэ и унэрщ. Абы щыIэщ лъэпкъ зэмылIэужьыгъуэхэм я IуэхущIапIэхэр. ИкIи дэтхэнэми я зэхуаку дэлъын хуей зэпыщIэныгъэмрэ зэныбжьэгъугъэмрэ къалъытэу, махуэшхуэхэр зэдагъэлъапIэу, зыр зым дэIэпыкъуу зэхэтщ.

Фигу къэдгъэкIыжынщи, ДАХ-м и ГъэзэщIакIуэ гупым бадзэуэгъуэм и кIэм Абхъаз Республикэм зэIущIэ щригъэкIуэкIащ. Абы кърикIуахэм тещIыхьауэ адыгэ-абхъаз щэнхабзэ зэпыщIэныгъэхэр, зэдэлэжьэныгъэр гъэбыдэнымрэ зегъэужьынымрэ зэрекIуэкIым къызэхуэсахэр щагъэгъуэзащ Сэхъурокъуэ Хьэутий, Абхъазым щыIэ Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ Мэремыкъуэ Валерэ сымэ.

- Iуэхум кърикIуахэр мызэ-мытIэу къэтпщытэжащ. Сэ жысIэнур зыщ - фэ флъэгъуащ ди къуэш абхъазхэм къытхуащI пщIэр, иджыри зэ хьэкъ ящыфщIащ езыхэри къуэш пэлъытэу, щIыбагъ дызэриIэр, зылI и быну дызэрызэкъуэтыр. Ахэр лъэпкъыу къызэтенэжын щхьэкIэ ди адыгэ щIалэхэм я псэр зэратар зыхащIэу къыдбгъэдэт лъэпкъщ абхъазхэр.

Мэремыкъуэм къызэрыхигъэщамкIэ, Хасэм хэтщ абы унагъуэу щыпсэу адыгэ щIалэ куэд, ахэр я Iуэху щыдэкIыу щолажьэ а къэралым. Хасэм и къалэн нэхъыщхьэр Абхъазым щыпсэу адыгэхэм экономикэрэ щэнхабзэрэ я лъэныкъуэкIэ я лъабжьэр гъэбыдэнырщ, къэралым къиIэт Iуэхухэр дэIыгъынырщ, адыгэхэмрэ абхъазхэмрэ я зэпыщIэныгъэхэр егъэфIэкIуэнырщ. Я хъуэпсапIэхэм ящыщу Валерэ къыхигъэщащ Сыхъум Адыгэ лъэпкъ щэнхабзэ центр къыщызэгъэпэщын зэрыхуейр, ар Хасэм и хэщIапIэу зэрыщытыпхъэр. «ДАХ-м и чэзу зэIущIэр Абхъазым зэрыщекIуэкIым ди дежкIэ мыхьэнэшхуэ иIащ. Абы ди зэпыщIэныгъэхэр къигъэщIэрэщIэжынущ, ди лъэпкъым лъэныкъуэ куэдкIэ зэрызиужьыфын Iэмалхэр къигъэщIыфынущ. Абы щыгъуэм къыхэтлъхьа Iуэхухэм фIы куэд кърикIуэну сыщогугъ», - дыщIигъуащ Мэремыкъуэ Валерэ.

Мы Iуэхум политикэ мыхьэнэ зэриIэм къыщымынэу, абхъазхэмрэ адыгэхэмрэ зэрызэхыхьар хуабжьу я гуапэ хъуащ хэхэсхэми. КАФФЕД-м и лIыкIуэ Лъэпщыкъуэ Онери Европэм щыIэ Хасэхэм я федерацэм и тхьэмадэ Вэрокъуэ Затии къыхагъэщащ щыпсэу къэралхэм кIуэжа нэужь Абхъазым и хъыбархэр зэраIуэтэжар.

Ди лэпкъэгъухэм къыхагъэщащ абы щыгъуэм АР-м и Президентымрэ ДАХ-м и тхьэмадэмрэ лэжьыгъэ IуэхукIэ зэрызэхуэзам, купщIафIэу зэрызэпсэлъам ди зэкъуэшыныгъэр нэхъри игъэбыдэну ущыгугъ зэрыхъунур. Европэм, Тыркум щылажьэ Адыгэ Хасэхэм сытым дежи абхъазхэр хэтщ, зы лъэпкъыу фIэкIа зыкъамылъытэжу. ДАХ-м Абхъазым щригъэкIуэкIа зэIущIэм АР-м и къулыкъущIэхэр зэрыщIэсам, жаIэхэр зэрызэхахам, езыхэм къыжаIахэм зэредэIуам гугъэшхуэхэр яригъэщIащ, ягури къыдришеящ.

- А зекIуэм къигъэлъэгъуащ Дунейпсо Адыгэ Хасэм махуэ къэс игъэзащIэ Iуэхухэм нэхъри зэрызаубгъур, дэнэ щыпсэу адыгэхэри къызэрызэщIигъэуIуэр, ар уи гуапэ мыхъункIи Iэмал иIэкъым, - жиIащ Урым Бекир - КАФФЕД-м и лIыкIуэхэм ящыщым.

Хэхэсхэмрэ хэкурысхэмрэ я зэхуаку дэлъ зэпыщIэныгъэр нэхъри гъэбыдэныр зи къалэн нэхъыщхьэу щыт Дунейпсо Адыгэ Хасэм лэжьыгъэшхуэ ирегъэкIуэкI. Къапщтэмэ, мы гъэм ГъэзэщIакIуэ гупым и лIыкIуэхэр щыIащ Тырку къэралыгъуэм икIи абы щыпсэухэм яхуэзащ, епсэлъащ. ЗекIуэм кърикIуахэр къызэхуэсахэм жраIэжащ Адыгей Хасэм и тхьэмадэ ЛIымыщэкъуэ Рэмэзанрэ Хасэм хэт ГъукIэлI Сусанэрэ.

Псом япэу къыхэгъэщыпхъэщ Хасэм и лIыкIуэхэр «Россотрудничество» IуэхущIапIэу Анкара дэтым гуапэу зэрырагъэблэгъар, абы и унафэщI Сотниченкэ Александр зэрыхуэзар. Тыркум щыпсэухэр «Урыс унэкIэ» зэджэ а къулыкъущIапIэм адыгэ лъэпкъым и IуэхукIэ щызэпсэлъащ Урысей Федерацэм и Посольствэу Тыркум щыIэм и лэжьакIуэ Емуз Эвелинэ, Сотниченкэ Александр, Адыгей Хасэм и тхьэмадэ ЛIымыщэкъуэ Рэмэзан, КАФФЕД-м и Хасащхьэм хэт Токъмакъ Шэнэсэр сымэ.

Рэмэзан зэрыжиIамкIэ, «Урыс унэм» и унафэщIхэми щылажьэхэми Тыркум щыпсэу адыгэхэр фIыуэ яцIыху, КАФФЕД-м и унафэщIхэм лэжьыгъэ IуэхукIэ зыхуагъазэ, уеблэмэ адыгэ зэхуэсхэри щащI.

Сотниченкэ Александр ди лIыкIуэхэм къазэрыжриIамкIэ, Урысейм и лъэпкъэгъухэр хэту, щIэныгъэ конференц, гъэлъэгъуэныгъэ, зэхыхьэ гуэрхэр щрагъэкIуэкIкIэ, Тыркум ис адыгэхэри куэду хэтщ, абыхэм я адэшхуэхэр Урысейм къызэрикIар жаIэу, адыгэбзэкIэ псалъэу апхуэдэщ. «Россотрудничество»-р хуабжьу япыщIащ студентхэм, щэнхабзэм ехьэлIа Iуэхухэр щIэхщIэхыурэ абыхэм щхьэкIэ ирагъэкIуэкI.

ЛIымыщэкъуэ Рэмэзан жиIащ Сотниченкэр адыгэхэм ядэлэжьэну хуейуэ и нэ къызэрикIыр, адыгэ тхыдэм фIыуэ зэрыхищIыкIыр, ди лъэпкъэгъухэм я гупсысэхэр, гукъеуэхэр фIыуэ къызэрыгурыIуэр, апхуэдэуи дяпэкIэ зэгъусэу Iуэхугъуэ гъэщIэгъуэнхэр Тыркум щрагъэкIуэкIыну зэрызэгурыIуар.

Токъмакъ Шэнэсэр щIигъэбыдащ Хасэм и лIыкIуэхэм я псалъэр. Абы къыхигъэщащ «Урыс унэр» хуабжьу къазэрыдэIэпыкъур, Къэбэрдей-Балъкъэрым, Адыгейм еджакIуэ къагъакIуэхэмкIэ сэбэп зэрыхъур, ахэр дяпэкIэ нэхъыбэу къэшэным, хэкум гъэзэжын Iуэхум пылъхэм я къалэнхэр щагъэпсынщIэным тепсэлъыхьахэщ.

«Адыгэхэр я хэкужьым щеджэн папщIэ ялъэкI къамыгъанэу къадэIэпыкъунущ. Уеблэмэ, мыбы къагъэкIуэну студентхэр къыщыхахкIэ, ди университетхэм я егъэджакIуэхэр яшэурэ къэпщытакIуэхэм хагъэхьэфынущ. Апхуэдэуи къулыкъущIэм къыджиIащ, адыгэ щэнхабзэ зэхыхьэхэр нэхъыбэрэ Тыркум щызэхэтшэну Iэмал дызэриIэр, Адыгейм, Къэбэрдей-Балъкъэрым щытраха фильмхэр абы щыдгъэлъэгъуэфыну зэрыщытыр», - жиIащ ЛIымыщэкъуэм.

Хамэ къэралхэм щыпсэу ди лъэпкъэгъухэм я щIэблэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм зэрызыщагъэпсэхуам Хасащхьэм хэтхэр щигъэгъуэзащ а Iуэхур къызэгъэпэщыным, егъэкIуэкIыным иужь ита, КАФФЕД-м и тхьэмадэ Лъэпщыкъуэ Онер, ДАХ-м и вице-президент Щоджэн Iэминат. ДАХ-м и нэIэ тетщ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым щIэс ди лъэпкъэгъу студентхэм я псэукIэр, еджэкIэр егъэфIэкIуэным ехьэлIа Iуэхугъуэхэр зэпэщ щIыныр. Абы хамэ къэралхэм щыпсэу адыгэхэм пыщIэныгъэ быдэ зэрыхуаIэм, студентхэм я Iуэхухэм фIыуэ зэрыщыгъуазэм и гугъу ищIащ Сэхъурокъуэ Хьэутий.

НЭЩIЭПЫДЖЭ Замирэ..
Сурэтхэр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

Дунейм щыхъыбархэр

Зэкъуэувэну къыхуреджэ

Тыркур, Урысейр, Китайр щIыналъэ шынагъуэхэм пэщIэтынымкIэ зэкъуэувэным теухуауэ къэпсэлъащ ЦIыхубэ зэщIэхъееныгъэм и партым и пашэ (МНР) Бахчели Девлет.

АБЫ къыхилъхьам щытепсэлъыхьым, Тыркум и Президент Эрдоган Реджеп Тайип жиIащ жэрдэмым и кIэм нэсу иджыри зэрызыщимыгъэгъуэзар, ауэ зэрынэхъыфIым хуэдэу зэрыщIыпхъэр.

МНР-м и пашэм зэрыжиIэмкIэ, Тыркур, Урысей Федерацэр, Китайр зэгухьэн хуейщ «хьилагъэ зигу илъ гупхэм» япэщIэтынымкIэ (абыхэм ящыщу къехь США-р, Израилыр). Бахчели Девлет Израилыр игъэкъуэншащ махуэ 700-м щIигъуауэ Сектор Газэ щIыналъэ лъэпкъгъэкIуэдыр зэрыщригъэкIуэкIымкIэ, Тыркум и шынагъуэншагъэмрэ зэпIэзэрытыныгъэмрэ зэран хуэхъун абы кърикIуэнкIэ зэрыхъунури дыщIигъуащ. «Абы къыхэкIыу Iуэхур зэрызэхэкIыну лъэныкъуэ псоми дегупсысыпхъэу къызолъытэ», - къыхигъэщащ абы.

ТхакIуэхэр зэрыщIэн хуейщ

«Урысейр и телъхьэщ къэрал зэмылIэужьыгъуэхэм я тхакIуэхэр зэдэгъэлэжьэным. Литературэр - ар езыр узытепсэлъыхьыну пфIэфI Iуэхугъуэ дахэщ», - щыжиIащ УФ-м и Президент Путин Владимир иджыблагъэ Санкт-Петербург щекIуэкIа Дунейпсо щэнхабзэ зэхуэсым.

ФИГУ къэдгъэкIыжынщи, ар 2012 гъэм япэу къызэрагъэпэщауэ щытащ. Абдеж дунейпсо щэнхабзэ зэхэтыкIэм, цIыхубэ хъугъуэфIыгъуэхэм я щытыкIэм щытопсэлъыхь. Мы гъэм ар теухуат «Щэнхабзэм зыхуэгъэзэжын - абы ехьэлIа IэмалыщIэхэр» Iуэхум.

ФокIадэм и 23,
гъубж

♦**IэпэтэрмэшкIэ зэпсалъэхэм я дунейпсо махуэщ**
♦**КъуэкIыпIэ Жыжьэм щагъэлъапIэ къаплъэным и махуэр**
♦**1869** гъэм Менделеев Дмитрий химие элементхэм я периодическэ законыр къызэIуихащ.
♦**1924 гъэм** Къэбэрдей-Балъкъэрым щIэныгъэншагъэр щыгъэкIуэдынымкIэ комиссэ къызэрагъэпэщащ.
♦**1934 гъэм** къалъхуащ КъБР-м и цIыхубэ тхакIуэ, КъБР-м и Къэрал саугъэтым и лауреат **Тхьэгъэзит Зубер**.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru сайтым зэритымкIэ, республикэм уэфIу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 16 - 23-рэ, жэщым градус 11 щыхъунущ.

ФокIадэм и 24,
бэрэжьей

♦**ЧэруанакIуэм и дунейпсо махуэщ**
♦**ТхьэкIумэкIыхьым и дунейпсо махуэщ**
♦**Къырым Республикэм и къэрал гербымрэ къэрал ныпымрэ я махуэщ**
♦**1863 гъэм** къалъхуащ уэрэдус, уэрэджыIакIуэ, джэгуакIуэ **Сыжажэ Къылъшыкъуэ**.
♦**1898** гъэм къалъхуащ Иордание Хьэшимит пащтыхьыгъуэм и Парламентым и унафэщIу, премьер-министру, Сенатым и Iэтащхьэу щыта **Хьэбжокъуэ Сэхьид**.
♦**1948 гъэм** къалъхуащ адыгэ усакIуэ, зэдзэкIакIуэ **Семэн Руслан**.
♦**1961 гъэм** къалъхуащ тележурналист, «Къэбэрдей-Балъкъэр» зыгъэлъагъуэ телевизионнэ канал къэрал IуэхущIапIэм и унафэщIу щыта **Къардэн Аслъэн**.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru сайтым зэритымкIэ, республикэм уэфIу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 16 - 24-рэ, жэщым градус 13 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар
БАГЪЭТЫР Луизэщ.

Лъэпкъ Iущыгъэ:

Джэдумрэ фызымрэ унэгуащэщи, хьэмрэ лIымрэ ныбгъуащэщ.

● Адыгэхэм (шэрджэсхэм) я махуэм

Гукъинэж пшыхьхэр

Адыгэхэм я махуэр мы гъэм епщыкIутIанэу щагъэлъапIэ ди республикэм. Сабий гъэсапIэхэм, курыт еджапIэхэм, еджапIэ нэхъыщхьэхэм, къуажэхэм, районхэм, къалэхэм Iуэхугъуэ дахэ куэд щекIуэкIащ. Псом хуэмыдэу гуапэ пщохъу нэхъ цIыкIу дыдэхэр Iуэхум къызэрыхашэр, щIалэгъуалэр жыджэру зэрыхэтыр, щэнхабзэмкIэ унэхэм, тхылъхъумапIэхэм Iуэхугъуэ щхьэпэхэр зэрыщрагъэкIуэкIыр. ЖыпIэнуракъэ, КъБР-м и Правительствэм иубзыхуа программэ купщIафIэм тету зэхыхьэ щIэщыгъуэ куэд ирагъэкIуэкIащ.

АДЫГЭХЭМ я махуэм хухэха пшыхь нэхъыщхьэр Налшык къалэм и Музыкэ театрым фокIадэм и 19-м щызэхэтащ. Ар ирагъэкIуэкIащ КъБР-м щIыхь зиIэ и артистхэу Хьэмырзэ Ахьмэдрэ КIэхумахуэ ФатIимэрэ. Адыгэ классикхэм я усэ пычыгъуэхэмкIэ, уэрэдрэ макъамэкIэ, къафэрэ дэрэжэгъуэкIэ гъэнщIауэ екIуэкIащ пшыхьыр. Концертым еплъащ Дунейпсо Адыгэ Хасэм и Хасащхьэм хэту хамэ къэралхэм, гъунэгъу республикэхэм къикIахэр.

Музыкэ театрым и пэIущIэ пэшым хьэщIэхэр къыщрагъэблагъэрт адыгэ пшынэмрэ бэрэбанымрэ еуэ ныбжьыщIэ гуп дыгъэлым. Абы щегъэуэкIат лъэпкъ фащэхэр, Iэщэхэр, сурэтыщI цIэрыIуэхэм я лэжьыгъэ гъэщIэгъуэнхэр, IэпэIэсэхэмрэ IэпщIэлъапщIэхэмрэ я IэдакъэщIэкIхэр.

Пшыхьыр езыгъэкIуэкIахэм жаIащ адыгэ лъэпкъым къикIуа гъуэгуанэр сыт хуэдизу кIыхьу, гугъуу щытами, и хабзэр, и бзэр, и нэмысыр зэрихъумэжар, лъэпкъым къыдекIуэкI хъугъуэфIыгъуэхэр нобэм къызэрихьэсар, ар къыдэкIуэтей щIэблэм зэрабгъэдилъхьэр.

«Кабардинка» къэрал академическэ къэфакIуэ гупым «Уэркъ къафэмкIэ» къызэIуихащ пшыхьыр, къызэхуэсахэм я лъэпкъ зыхэщIыкIымрэ гукъыдэжымрэ къиIэту, къызыхэкIам дахагърэ беягъыу бгъэдэлъыр я зыIыгъыкIэмкIэ наIуэ къащIу.

Утыкум кърагъэблэгъащ Дунейпсо Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ Сэхъурокъуэ Хьэутий:

- Фи пщыхьэщхьэ фIыуэ, ныбжьэгъу лъапIэхэ, ди къуэшхэ, ди шыпхъухэ, ди хьэщIэ лъапIэхэ! Хабзэ зэрытхуэхъуам тету, мыпхуэдэ пшыхь дахэмкIэ дыпожьэ 2014 гъэ лъандэрэ ди республикэм игъэлъапIэ махуэшхуэм. Адыгэ лъэпкъым и тхыдэр гугъуехь, нэщIэбжьэ, гукъеуэ куэдкIэ гъэнщIащ. Ауэ апхуэдэ лъэпощхьэпохэмрэ гузэвэгъуэмрэ къызэринэкIыфри, нобэ хуэдэ зы махуэ иIэтыфу иджырейм къэсащ. Зэманым дыдекIуу, дунейм дыщыгуфIыкIыу, ди нэхъыжьхэм гулъытэ яIэу, нэхъыщIэхэр гъуэгу захуэ тедгъэувэу дыкъокIуэкIри, нэгъуэщIхэм ефIэкIыу иджыри куэдрэ Тхьэм щигъэIэ адыгэ лъэпкъыр, - жиIащ Сэхъурокъуэ Хьэутий.

Тхьэмадэм къызэрыхигъэщамкIэ, лъэпкъ махуэшхуэ зэраIэм щогуфIыкI къэрал 52-м щикъухьа адыгэхэр. Абы лъэпкъым и псэкупсэ къулеягъэр хегъахъуэ, нэхъыбэжым трегъэгушхуэ, и Iулыджыр еIэт. Ар щIэин нэхъ лъапIэу лIакъуэхэм зэIэпаххэм ящыщ зы мэхъу, блэкIамрэ къэкIуэнумрэ зэпищIэу. Мыр зи махуэшхуэ лъэпкъым и закъуэкъым зи сэбэпыр, атIэ зы щIыналъэ зэдисхэм я зэпыщIэныгъэр, зэгурыIуэныгъэр, мамыргъэр, зэныбжьэгъугъэр зыгъэбыдэ Iэмал гъуэзэджэщ. Апхуэдэуи лъэпкъым къыхэкIа цIыху цIэрыIуэхэр щаIэт махуэщ.

Сэхъурокъуэ Хьэутий пэшым къыщызэхуэсахэм я пащхьэ фIыщIэ псалъэкIэ зыщыхуигъэзащ икIи и цIэм, и щхьэм, и зэфIэкIым щыту Iэгуауэшхуэ хуаIэтащ Адыгэ, Къэбэрдей-Балъкъэр, Къэрэшей-Шэрджэс республикэхэм я цIыхубэ тхакIуэ, СССР-мрэ Урысей Федерацэмрэ я Къэрал Саугъэтхэм я лауреат, Урысей Федерацэм ЛэжьыгъэмкIэ и ЛIыхъужь, тхылъищэм нэс зи Iэдакъэ къыщIэкIа МэшбащIэ Исхьэкъ. Абы и псалъэхэр зыщIэлъ «Адыги на земле своей живут» уэрэдыр игъэзэщIащ Иуаз Азэмэт.

Адыгэхэм ди махуэшхуэм теухуа пшыхьыр щIэщыгъуэу екIуэкIащ. Ар игъэдэхащ республикэм и уэрэджыIакIуэ-къэфакIуэхэу Сокъур Ольгэ, Хьэкъул Оксанэ, Зеущэ Iэуес, Бэрэгъун Марианнэ, Шокъуий Мурат, ДыщэкI Артур, Жабоевэ Замирэ, Куэцэ Идар, Дау Iэминэ сымэ, «Кабардинка» къэрал академическэ къэфакIуэ ансамблым, «Балкария», «Шардан», «Нал цIыкIу», «Насып» къэфакIуэ гупхэм.

Хьэмырзэ Ахьмэд лъэпкъым хуэгъэза и хъуэхъу дахэм къыкIэлъыкIуа удж хъурейм кIэ пшыхь гукъинэжыр зэхуащIыжащ.

НЭЩIЭПЫДЖЭ Замирэ.
Сурэтхэр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

Килограмми 150-рэ и хьэлъагът Аруан къуажэм щащIа хьэлыуэм

Лъэпкъым и шыфэлIыфэр, и беягъыр, и хъугъуэфIыгъуэхэр утыку къыщрахьащ Адыгэхэм я махуэм. Ди республикэм и дэнэ щIыналъи абы хуэгъэпса зэхыхьэхэр щекIуэкIащ. Псом нэхърэ нэхъ щIэщыгъуэ, гукъинэж хъуахэм ящыщщ аруандэсхэм яхузэфIэкIар. ЩэнхабзэмкIэ унэм и унафэщI Зыхьэ Оксанэ и жэрдэмкIэ, къуажэ псор зыхэта зэхыхьэ гуапэ хъуащ фокIадэм и 19-р. Абы шыуани 10-кIэ бзылъхугъэ IэкIуэлъакIуэ 30-м щаубащ килограмми 150-м щIигъу хьэлыуэ.

ЗИ ХЪУРЕЯГЪЫР метрий хъу Iэнэм трауба лъэпкъ шхыныгъуэр телъыджэ зыщымыхъуа Къэбэрдей-Балъкъэрым къинакъым. Хьэлыуэ абрагъуэр зэращIым интернеткIэ кIэлъыплъащ цIыху мин 50-м нэблагъэ.

АР и зы щапхъэ телъыджэщ Адыгэ махуэ диIэн щIыхуейм. А махуэм нэхъ лейуэ лъэпкъ шхыныгъуэхэр япщэфI, адыгэм и зэхэтыкIэр ягъэлъагъуэ, хабзэм, щэнхабзэм, бзэм, тхыдэм, литературэм гулъытэ хэха щыхуащI, цIыху цIэрыIуэхэр зэIущIэхэм кърагъэблагъэ.

Ини, цIыкIуи, нэхъыжьыIуи щызэхуэса ЩэнхабзэмкIэ унэм и пщIантIэм берычэтыр дэзт. Къажэ курыт еджапIэхэм щылажьэ егъэджакIуэхэм лэкъумхэр ягъажьэрт, кхъуейр пэрыхьэтт, IэфIыкIэхэр куэдти, ныбжьыщIэхэр тхъэжырт. УнафэщIхэмрэ къуажэдэсхэмрэ я нэгу зрагъэужьащ ЩэнхабзэмкIэ унэм и къэфакIуэ гупым, уэрэджыIакIуэ ныбжьыщIэхэм. Махуэшхуэр нэхъри щIэращIэ ищIащ аруандэсхэм набдзэу яIэ, а къуажэм щыщу ди республикэми хамэ къэралхэми фIыуэ къыщалъагъу уэрэджыIакIуэ цIэрыIуэ Хьэкъул Оксанэ.

Зыхьэ Оксанэ зыпэрыхьэ сыт хуэдэ Iуэхури гунэсу, адрейхэм къахэщу ещIэ. Мызыгъуэгуми абы кърихьэжьа Iуэхур республикэ псом телъыджэ ящищIыфащ ижь-ижьыж лъандэрэ лъэпкъым къыдекIуэкI, гуфIэгъуи гузэвэгъуи ипщэфI адыгэ шхыныгъуэмкIэ. А псом къищынэмыщIауэ, пэIущIэ пэшым адыгэм къигъэсэбэпу щыта, иджыри зэрихьэ хьэпшыпхэр щызэхуэхьэса гъэлъэгъуэныгъи къыщызэригъэпэщат.

- Махуэшхуэр дахэу къызэрыдэхъулIар зи фIыгъэр ди къуажэдэсхэрщ, зи мылъкукIэ къыддэIэпыкъуахэрщ. Псоми я цIэр зырызу къипIуэну яхуэфащэщ, дэтхэнэми фIыщIэ ин хуэсщIыну сыхуейщ, къетхьэжьа Iуэхур къызэрыддаIыгъам папщIэ. Абыхэм я жэрдэмыр, я хьэлэлагъыр, унафэщIхэм я арэзыныгъэр, бзылъхугъэхэм я IэкIуэлъэкIуагъыр, щэнхабзэм и лэжьакIуэхэм я зэфIэкIыр, дэтхэнэ зы цIыхуми и гуапагъыр - мис ахэращ махуэшхуэр зыгъэбжьыфIэри, адыгэр зыгъэадыгэри, - жеIэ Оксанэ.

Пэжу апхуэдэ зэхыхьэхэрщ, Iуэхугъуэхэрщ лъэпкъым и пщIэр зыIэтыр, и къэкIуэнум къыпызыщэр, и щIэблэр зыщIапIыкIыр.

Псалъэ гуапэкIэ, ерыскъы берычэткIэ, анэдэлъхубзэ шэрыуэкIэ, макъамэ дахэкIэ гъэнщIауэ щыта махуэр гукъинэж ящыхъуащ къуажэдэсхэм. Килограмми 150-рэ хъу хьэлыуэри куэдым яIухуащ.

ШЫПШ Даянэ.

● Футбол

КъыщIыдодзэж

«Дружба» (Мейкъуапэ) - «Спартак-Налшык» (Налшык) - 0:1 (0:0). Мейкъуапэ. Адыгейм и республикэ стадион. ФокIадэм и 20-м. ЦIыху 280-рэ еплъащ.

Судьяхэр Магомедов (Мэхъэчкъалэ), Бибиковэ (Краснодар), Соколов (Ставрополь).

«**Дружба**»: Вертиев, Гаджимагомедов, Юшко, Къуэбж, Магомедбеков, Къуэблэ, Цанавэ, Зинченкэ (Зеээрахъэ, 46), Хьэх (Ширковский, 65), Рагулькин, Делэкъу (Антоненкэ, 65).

«**Спартак-Налшык**»: Къумыкъу, Гъуэгузокъуэ, Пириев, КIэдыкIуей, Балъкъыз, Блий, ХьэцIыкIу (Дзыгул, 65), Пекъу (Кенжев, 83), Сарбашев (Лысенкэ, 65), ЛIуп, Хьэшыр (Черкесов, 90+1).

Топыр дигъэкIащ: Блийм, 64 (0:1).

Дагъуэ къыхуащIащ: Балъкъызым, Зинченкэ, Пириевым, ЛIупым, Цанавэ, Хьэшырым.

УРЫСЕЙ Федерацэм футболымкIэ и етIуанэ лигэм и «Б» дивизионым и Япэ гупым мы гъэм щекIуэкI зэхьэзэхуэм и етIуанэ Iыхьэм щэбэт кIуам щIидзащ. Еблэнэ увыпIэм щыщIэдзауэ епщыкIуплIанэм нэс пэщIэдзэ зэпеуэм щызыубыдахэр иджы щхьэхуэу зэрызэ зэдэджэгунущ. Абыхэм яужькIэ кIэухым къыщыхутаитIым етIуанэ лигэр ирагъэбгынэнущ.

ПэщIэдзэ зэпеуэм текIуэныгъищ фIэкIа джэгугъуэ 26-м къыщызымыхьыфа «Спартак-Налшыкым» зэхьэзэхуэщIэр Адыгэхэм я махуэм щригъэжьащ Мейкъуапэ. Абы мыхьэнэ пыухыкIа иIэт дэтхэнэ ди лъэпкъэгъум и дежкIи. КъищынэмыщIауэ, къыхэгъэщыпхъэт зи гугъу тщIа текIуэныгъищым языхэзыр ди щIалэхэм мэлыжьыхьым и 13-м Адыгейм и къалащхьэм къызэрыщахьауэ щытар, етхуанэ джэгугъуэм хиубыдэу. Адрей тIур къыумылъытащэми хъунущ, ныбжьыщIэ гуп щызэхуашэса икIи зэхьэзэхуэм и пэщIэдзэ Iыхьэм зыми щыпэмылъэща Мэхъэчкъалэ и «Динамо-2»-м зэрыщытекIуам къыхэкIыу.

Ди щIалэхэр Мейкъуапэ кIуат иужь джэгугъуиблыр я хьэрхуэрэгъухэм фIахьауэ. Дауи, абы дэрэжэгъуэшхуэ къахуихьыртэкъым езы футболистхэми къадэщIыхэми. Апхуэдэу щыт пэтми, псори щIэрыщIэу къыщIадзэжыну Iэмал яIэт икIи мазитхум щIигъукIэ ямыIа текIуэныгъэ нэсым и IэфIагъыр зыхащIэжыну.

«Спартак-Налшыкыр» а махуэм сыт и лъэныкъуэкIи Мейкъуапэ и «Дружба»-м ефIэкIащ. Ар щIигъэбыдэжащ Блий Елдар 64-нэ дакъикъэм къызэрыхэжаныкIам. Апхуэдэ щIыкIэкIэ ди щIалэхэр текIуащ икIи топ къыдрамыгъэгъэкIыу я гъуэр яхъумэфащ. Дыщыгугъынщ ар щIэдзапIэфI хъуну.

Иджы фыщыдгъэгъуэзэнщ Урысей Федерацэм футболымкIэ и етIуанэ лигэм и «Б» дивизионым и Япэ гупым щекIуэкI зэхьэзэхуэм и етIуанэ Iыхьэм щыIа пэщIэдзэ зэIущIэхэм къарикIуа бжыгъэхэм: «**Астрахань**» (Астрахань) - «**Ангушт**» (Нэзрэн) - **1**:**0**, «**Сочи-2**» (Сочэ) - «**Динамо-2**» (Мэхъэчкъалэ) - **0**:**0**, «**Рубин**» (Ялтэ) - «**Легион**» (Мэхъэчкъалэ) - **3**:**1**, «**Кубань Холдинг**» (Новопавловск) - «**Ростов-2**» (Дон Iус Ростов) - **0**:**0**, «**Динамо-Ставрополь**» (Ставрополь) - «**Нарт**» (Черкесск) - **2**:**1**, «**Севастополь**» (Севастополь) - «**Победа**» (Хасавюрт) - **2**:**1**.

КъыкIэлъыкIуэ джэгугъуэр «Спартак-Налшыкым» и стадионым щригъэкIуэкIынущ. ФокIадэм и 27-м абы къригъэблэгъэнущ «Астрахань» командэр.

ХЬЭТАУ Ислъам.

Урысей Федерацэм футболымкIэ и етIуанэ лигэм и «Б» дивизионым зэрыщекIуэкIыр. ЕтIуанэ Iыхьэ

	Командэхэр	Дж.	Къ.	З.	ФI.	Т.	О.
	«А» гупым						
1.	**«Динамо-Ставрополь»**	**27**	**16**	**7**	**4**	**40-24**	**55**
2.	«Кубань Холдинг»	27	14	10	3	48-23	52
3.	«Севастополь»	27	14	9	4	43-31	49
4.	«Победа»	27	15	3	9	33-27`	48
5.	«Ростов-2»	27	13	6	8	37-22	45
6.	«Нарт»	27	12	6	9	38-24	42
	«Б» гупым						
7.	«Сочи-2»	27	11	8	8	40-29	41
8.	«Дружба»	27	10	10	7	34-24	40
9.	«Астрахань»	27	10	7	10	37-28	37
10.	«Рубин»	27	10	6	11	29-33	36
11.	«Легион»	27	7	8	12	27-45	29
12.	«Ангушт»	27	5	8	14	21-32	23
13.	**«Спартак-Налшык»**	**27**	**4**	**5**	**18**	**19-48**	**17**
14.	**«Динамо-2»**	**27**	**0**	**3**	**24**	**15-71**	**3**

● Бахъсэн щIыналъэ

Дунейпсо телъыджагъэ

Сытым дежи хуэдэу, Адыгэхэм я махуэр Iэтауэ щагъэлъэпIащ Бахъсэн щIыналъэм икIи къыкIэлъыкIуэ рекордыр щагъэуващ - адыгэ фащэкIэ хуэпауэ цIыху 2882-рэ пэкIум зэдыхэтащ.

«МАМЫРЫГЪЭМ, щэнхабзэм, зыгъэпсэхуныгъэм» и паркым щызэхэта дауэдапщэм хэтащ Бахъсэн щIыналъэ округым и Iэтащхьэ Мамхэгъ Хьэчим, щIыпIэ администрацэм и лэжьакIуэхэр, курыт еджапIэхэм, щэнхабзэмкIэ унэхэм, спорт IуэхущIапIэхэм, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм, щIалэгъуалэ, сабий екIуэлIапIэхэм я лIыкIуэхэр, Бахъсэн щIыналъэм и хьэщIэхэр. КIэщIу жыпIэ, Бахъсэн щагъэлъэпIа махуэшхуэм хэтащ цIыху мини 10-м щIигъу.

Хабзэ зэрыхъуауэ, къызэхуэсахэр Бахъсэн къалэ паркым ирикIуащ икIи абыхэм яхэтащ адыгэ фащэкIэ хуэпауэ цIыху 2882-рэ. Гу лъытапхъэщи, 2017 гъэми бахъсэнхэм рекорд ягъэуващ щытащ мы унэтIыныгъэмкIэ. Абы щыгъуэ фащэ ящыгъыу пэкIум цIыху 2124-рэ хэтат.

- ПэкIум хэтхэр дызэщIыгъуу паркым зэ дыкъекIуэкIри, ди Iэтащхьэр къыщыпсэлъэну хухаха щIыпIэм дыкъекIуэлIэжащ. Адыгэ шхыныгъуэхэр, лъэпкъ Iэмэпсымэхэр, фэилъхьэгъуэхэр щагъэлъагъуэрт абдеж. Ди нэхъыжьыфIхэр щыст, щIалэгъуалэр джэгум хуэхьэзырт, гъуазджэмкIэ школым и гъэсэнхэм дыщэидэм и Iэмалхэр ягъэлъагъуэрт, адыгэ Iэщэ-фащэмкIэ щIэныгъэшхуэ зыбгъэдэлъ Накуэ Феликсрэ ХьэцIыкIу Мадинэрэ, адыгэ уанэ зыщI ХъуэкIуэн Арсен, дыщэкI Лэкъун Заур сымэ ди хьэщIащ, абыхэм къытхутепсэлъыхьащ. Нэхъ цIыкIу дыдэм деж къыщыщIэдзауэ нэхъыжь дыдэу къытхэтам деж щиухыжу, псоми фащэ тщыгъащ. Гуапэ мыхъуу къанэркъым ар. Ди цIыкIухэр зыщыщ лъэпкъыр ящIэжу, абы и фIагъымрэ дахагъэмрэ къагурыIуэу къэгъэтэджыныр тыншщ икIи гугъущ. Мис мыпхуэдэ Iуэхугъуэхэрщ цIыхум и хэкупсэр къызыщIэзыгъэушэр, адыгэм и пщIэмрэ и цIэмрэ зыIэтыр. Сабийхэм псори зэрафIэгъэщIэгъуэныр нэрылъагъут. Дин зыIыгъ пщащэхэм IэлъэщIым и щхьэм пыIэр къытелъу фащэкIэ хуэпат. Ди цIыхухэм къахуэмыгъэсу, я гур хуэкъабзэу йожьэ Адыгэхэм я махуэм. Бахъсэн щIыналъэм мы гъэм щагъэува рекордыр и щыхьэтщ лъэпкъыр дызэрыпсэум, зэрызытщIэжым. А псори зи нэIэ щIэта, сытым дежи Бахъсэн щIыналъэм щрагъэкIуэкI щэнхабзэ Iуэхухэр къыддэзыIыгъ ди Iэтащхьэм фIыщIэ лей хуэфащэщ, - жиIащ Сабий щэнхабзэмкIэ Бахъсэн къалэм дэт IуэхущIапIэм макъамэмкIэ и гъэсакIуэ Къаныкъуэ Каринэ.

Бахъсэндэсхэм я дауэдапщэр ягъэдэхащ гъуазджэм и лэжьакIуэхэу Зеущэ Iэуес, Мэремыкъуэ Резуан, Бэрбэч Аскэр, Бэч Азэмэт, ТхьэкIумащIэ Аслъэн, Ташло Алий, Теувэжыкъуэ Руслан, Къуэдз Залым, «Ветеран», «Бахъсэн ауз», «Модис», «Хабзэ», «Ридадэ», «Iэдииху», «ДжэгуакIуэ», «Махуэгъэпс» гупхэм.

Махуэшхуэр джэгукIэ зэхуащIыжащ.

ФЫРЭ Анфисэ.

● Аруан щIыналъэ

ЩIэблэращ зыхухахар

Лъэпкъым бгъэдэлъ фIыгъуэм и нэхъыщхьэр зыхухахар къыдэкIуэтей щIэблэращ. Абыхэм щIэныгъэ ептыныр, гъуэгу захуэ тебгъэувэныр, къызыхэкIар ящIэжу, пщIэ хуащIу къэбгъэхъуныр къалэн инщ. Мис а Iуэхугъуэхэр и лъабжьэу ягъасэ Къэхъун дэт курыт еджапIэ №2-м и еджакIуэхэр. Адыгэхэм я махуэр зытеухуауэ щытари аращ.

МАХУЭШХУЭМ ехьэлIа зэIущIэхэр махуитIкIэ щрагъэкIуэкIащ школым. ФокIадэм и 18-м пэщIэдзэ классым щIэс цIыкIухэр жыджэру хэтащ Iуэхум. ЕджапIэм къыщызэрагъэпэщат, къэуат щIэлъу, Iэпкълъэпкъым дежкIэ сэбэпу адыгэхэм япщэфIу щыта шхыныгъуэхэм я гъэлъэгъуэныгъэ. НыбжьыщIэхэм адыгэбзэр зэрагъэбзэрабзэр апхуэдизкIэ шэрыуэти, дэнэ утыкуи ипшэ хъунут. ЕтIуанэ махуэм апхуэдэ дыдэу гухэхъуэу зэхэтащ 5 - 8-нэ классым щIэсхэр.

ЗэIущIэр иригъэкIуэкIащ курыт еджапIэм и унафэщIым и къуэдзэ Къардэн Оксанэ. Псалъэ гуапэкIэ къызэхуэсахэм захуигъэзащ егъэджакIуэхэм я нэхъыжь, адыгэбзэмрэ литературэмкIэ егъэджакIуэ БэкIыщокъуэ Лалусэ. Ар цIыкIухэм яхутепсэлъыхьащ лъэпкъым и къекIуэкIыкIам, бзэр, хабзэр, тхыдэр зыщамыгъэгъупщэу, я хэкум, я лъэпкъым пщIэ хуащIу, нэгъуэщIхэм яхыхьэмэ, гъэсэныгъэ, хабзэ дахэкIэ гу зылърагъатэу псэун зэрыхуейм къыхуриджащ.

ЕджапIэм и унафэщI Джатокъуэ Риммэ цIыкIухэми адэ-анэхэми махуэшхуэмкIэ ехъуэхъуащ икIи щIэблэм яфIэгъэщIэгъуэнын щапхъэ куэд къахуихьащ адыгагъэм, лъэпкъ зэхэтыкIэм теухуауэ. «Фэ зэи зыщывгъэгъупщэ хъунукъым адыгэ пщащэм и IэдэбагъымрЭ адыгэ щIалэм и гъэсэныгъэмрэ. Фи адэшхуэхэм, анэшхуэхэм, адэ-анэхэм яхуэфащэу дунейм фытетын хуейщ, адыгэ хабзэр зефхьэу, адыгэбзэкIэ фыпсалъэу», - жиIащ Риммэ. ЗэIущIэм кърихьэлIа адэ-анэхэм щехъуэхъум къыхигъэщащ еджапIэм къекIуалIэ цIыкIухэр унагъуэ тэмэм зэрыщагъасэр къапщIэу хьэл дахэхэр зэрыдалъагъур. Абы щхьэкIи, школым къыщаIэт Iуэхухэм ахэри жыджэру зэрыхэтым папщIи фIыщIэ яхуищIащ.

КЪЭБАРТ Мирэ.

● Дзэлыкъуэ щIыналъэ

Фащэм дощIэращIэ

Каменномост (Къармэхьэблэ) къуажэм дэт курыт еджапIэ №2-м щагъэлъэпIащ Адыгэм и махуэр. Дерс зэIухахэр, сурэт зэпеуэ, адыгэ шхыныгъуэхэм я гъэлъэгъуэныгъэ - Iуэхугъуэ зэхуэмыдэхэр къызэрагъэпэщащ егъэджакIуэхэмрэ еджакIуэхэмрэ.

ИУЖЬКIЭ екIуэкIащ адыгэ уэрэдхэмрэ усэхэмрэ, адыгэ къафэм я пшыхь дахэр. НэхъыщIэ дыдэхэми класс нэхъыжьхэм щеджэхэми зыкъагъэлъэгъуащ а махуэм къащылыдыкIыу я пкъым иралъхьа адыгэ фащэм хуэфэщэну. Курыт еджапIэм и хабзэм тету махуэ къэс зыщатIагъэ фэилъхьэгъуэм и пIэкIэ адыгэ фащэ зэрыщатIэгъам а махуэр нэхъри гукъинэж ящищIащ школакIуэхэм. Къуажэдэсхэри курыт еджапIэри махуэ къэс зытет адыгагъэм, цIыхугъэм, зыIыгъыкIэ дахэм, хабзэ-нэмысым иджыри зэ щыхьэхт техъуэжащ!

ГУГЪУЭТ Заремэ.

Редактор нэхъыщхьэ
ЖЫЛАСЭ Заурбэч

РЕДКОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР:

Жьэкlэмыхъу Маринэ *(унафэщI-редактор)*, **Ширдий Маринэ** *(унафэщI-редактор)*, **Къаншокъуэ Эллэ** *(жэуап зыхь секретарь)*, **Къардэн Маритэ, Къумахуэ Аслъэн, НэщIэпыджэ Замирэ, Чэрим Марианнэ, ЩхьэщэмыщI Изэ.**

ТЕЛЕФОНХЭР:

редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; унафэщI-редакторхэм 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-75-78; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ IуэхухэмкIэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 40-15-31; хъыбарыщIэхэмрэ спортымкIэ - 42-22-88, 42-22-89; хабзэхъумэ IэнатIэхэм ядэлэжьэнымкIэ - 42-60-53; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-22-66; компьютер IэнатIэм - 42-26-41; сурэттеххэм - 42-63-64.

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ IуэхущIапIэм ятхащ ПИ № ТУ07-00117-м щIэту.

КъыдэзыгъэкIхэмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр: 360030, КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

Индексыр П 5894
Тиражыр 1.295
Заказыр №2043
12+

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщаIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.

Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.
Тел.: 76-01-28, 76-01-10

МЫ КЪЫДЭКIЫГЪУЭМ ЕЛЭЖЬАХЭЩ:

жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ **ДыщэкI Соня**, *корректорхэу* **Щоджэн Заирэ** *(2, 4-нэ нап.)*, **Нэужьокъуэ Заирэ** *(1, 3-нэ нап.)*, *корректорхэм я дэIэпыкъуэгъу* **Елмэс ФатIимэ**.

КомпьютеркIэ газетым и теплъэр ящIащ **Ныр Саидэ, Щомахуэ Марианнэ.**

Сурэтхэм елэжьар **Бицу Жаннэщ.**

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ.

357600, Ставрополь край, ЕсэнтIыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А

Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Зы ильэсым газетыр 156-рэ къыдокI.